ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗЭРЭ КЪЫДОКІ

№55 (22.463) • 2013 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 26, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ •

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Сабийхэм я узыншагъэр ІуэхущІапІэ 80-м нэблагъэм щрагъэфІэкІуэнущ

КЪБР-м Лжэныгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм щыІэхэтащ 2013 гъэм сабийхэм зегьэпсэхуным кІэ, я узыншагъэр егъэфІэкІуэным кІэ, теуцІэ кьахъуэгъэнэщыным кІэ республикэ комиссэм и эІуцІэ. Абы кьихьыгъэІащ зыхуэфащэ министерствэхэм, ведомствэхэм я лІыкІуэхэр. ЗэІущІэр иригъэкІуэкІащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд.

КЪБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министр, комиссэм и унафэщым и къуэдзэ **Тюбеев Альберт** зэрыжиІамкІэ, мы гъэм сабийхэм зегьэпсэхуным, я узыншагъэр егъэфІэкІуэным сом мин 215720-м нэблагъэ хуэхьа. Иджыпсту аукционхэр ирагъэкІуэкІ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм школакІуэхэм санаторэ-курорт Іуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщІэнухэр, кьалэ щІыбхэм щыІэ лагерь ахэр здагъэкІуэнухэр кьыхахьын папщІэ. Гъэмахуэ лъэхъэнэм сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфІэкІуэну ІуэхущІапІэу 79-рэ кьызэІуахьыну я мурадщ. Абыхэм я лэжьэкІэр кьыщапщытэкІэ, гулыитэ хэха хуащІынущ санитариием и мардэхэр зэрагъэзащІэм, цІыкІухэр зэрагъашхэм, мафІэсхэр къэмыгъэхъуным ІуэхущІапІэхэр зэрыхуэщІам, апхуэдэу школакІуэхэр зэрахьуэм.

КЪБР-м егъэджныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Наразиноф Валентинэ** кьыхигъэщхьэхухІащ Іуащхьэмахуэ лъапэ щыІэ турбазэхэм олимпиадэ зэмылІэужьыгъуэхэм щытекІуа еджакІуэхэр зэрагъэкІуэнур, апхуэдэу интернат Іуэхущ1апІэхэм я гъэсэнхэм ящыщу 600-м зегъэгъэпсэхуным теухуа заявкэхэр зэрагъэхьэзырар.

КЪБР-м щыІэ МВД-м, абы и щІыналъэ органхэм я лэжьакІуэхэм гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм я кьалэн нэхьыщхьэ дыдэхэм ящыщу щытынущ школакІуэхэм я зыгъэпсэхупІэхэр терроризмэм щыхъумэныр, сабийхэр щхьэрыгІыщу щымытынур. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр тэмэму ирагъэкІуэкІыи папщІэ, КЪБР-м щыІэ МВД-м жылагъуэ хабзэр хъумэныр кьызэгъэпэщынымкІэ и управленэм и унафэщІ Цибулин Дмитрий зэрыжиІамкІэ, санаторэ-курорт Іуэхущ1апІэхэм я щытыкІэр щІэх-щІэхыурэ кьапщытэнущ.

ЗэІущІэм комиссэр зэрыпхэжьну планым щытепсэлъыхьащ, апхуэдэу 2013 гъэм и гъэмахуэм сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфІэкІуэкІуэну лагерхэм я щытыкІэр кьапщытэн папщІэ лэжьакІуэ гупу плЫ кьыщызэрагъэпэщащ. Къуэдзокъуэ Мухьэмэд комиссэм хэтхэр кьыхуриджащ мы Іуэхум егупчъныгъэр ерыщагъэр яхэлъу бгъэдыхьэну.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ,
КЪБР-м Лжэныгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Щ1эблэр тхылъ еджэным драгъэхьэх

ЕджакІуэхэм я гъатхэ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм ирихьэлІэу республикэм и библиотекэхэм щокІуэкІ «Сабий тхылъым и тхьэмахуэ» зэхьыхьэ зэмылІэужьыгъуэхэр.

УРЫСЕЙМ ильэс кьэс зы тхьэмахуэ щыхухах сабий тхылъым. Апхуэдэ Іэмалкіэ цІыхубэр хущІокъу щІэблэр Іуэху мыхьумыщІэхэм драмыгъэшэхуу гъэзгу захуэм - тхылъымрэ щІэныгъэмрэ щытепщэм - трагъэувэну. Нэхьыщхьэжраши, сабийр библиотекэм екІуэлІэху, и кьэхьымэ хохьуэ, и гупсысэми зеузэщІ.

- Дызышыгугъри ди пльапІэри щІэблэрщ. Ар акьылыфІэу, губзыгьэу, жану къэгъэтэджынымкІэ ди гуащІэ деблэж хъунукъым, - жиІащ КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Фырэ Руслан, «Сабий тхылъым и тхьэмахуэм» хуХаха гуфІэгъуэ зэІущІэр щхьыщы-зэІуихым. - Сыхуейт щІэблэм хьэкьыу ящыкьыну зы компьютери абы тет зы джэгукІэ гуэри тхылъым и пщІэм ауи зэрыпэмыхьуну. Тхылъырщ купщІэ зиІэр, гупсысэ зыхэлъыр. Сохъуэхъу еджакІуэхэр гъащІэм щыжьдэжьрыну, щІэныгъэм и купщІэм лъэІэсыфыну.

Фырэ Руслан щІыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмкІэ яхуэупсащ «Сабий тхылъым и тхьэмахуэм» 2012 гъэм кьыщыхэжаныкІахэм. Апхуэдэу, «ЩІэджыкІакІуэ ныбжьыщІэ нэхьыфІу» кьалъытащ Мироненкэ Марие (Май кьалэм и курыт еджапІэ №1-м и 7-нэ класым ще-джэ), Брай Бесльэн (Щэджэм дэт 1-нэ школ, 3-нэ класс), Ашуров Алим (Налшык кьалэ и курыт школ №25, 9-нэ класс), Табыхьу Фаридэ (Анзорей кьуажэ, 4-нэ класс), Бжьыней Миланэ (Тэрч кьалэ дэт лицей №1, 7-нэ класс) сымэ, нэгъэущІэхэри. 1812 гъэм екІуэкІа зауэр зэриухрэ ильэс 200 зэрырикъум екьэлІауэ нэгьабэ кьызэрагъэпэщауэ щыта зэпеуэм щытекІуа ныбжьыщІэхэри ягъэльэпІащ. Ахэр: Теувэж Іэниуар (Налшык кьалэ и курыт школ №18), Багъ Дианэ (ПсынадакІэ курыт еджапІэ), Уэщро Дисанэ (Тэрч кьалэ дэт курыт еджапІэ №2) сымэщ, нэгъэущІэхэрщ. Министрым гулыитэнщэу кьыгъэнакъым лъэпкъ литературэм щІалэгъуалэр дегьэкьэхьыныкІэ лэжьыгъэшхуэ езыгъэкІэкІ библиотекэхэри. Апхуэдэ пщІэ ялысащ Аршыдан, Кэнжэ, Нейтринэ, Къэрэгъэщ жылагъуэхэм, Май кьалэм дэт библиотекэхэм я лэжьакІуэхэу «Си щІынальэу Къэбэрдей-Балъкъэр» проектым зи гуащІэ кьыхэщахэм.

«Сабий тхылъым и тхьэмахуэм» и япэ махуэр гукьинэжу екІуэкІащ. Къэрал киноконцерт гъэльэгъуапІэм кьрашэлІа ныбжьыщІэхэр клоуным, Мальвинэ хьыджэбз цІыкІум, Буратинэ, нэгъэущІ псысэ лІыхъжьхъэми ягъэгуфІащ, абыхэм уэрэдхэр жаІащ, джэгукІэ хьэлэмэтхэр, фокусхэр ягъэльэгъуащ.

Мы тхьэмахуэм екІуэкІыну театр тепльэгъуэ кІэщІхэм, литературэ-макъамэ пшыхьхэм, тхылъыщІэхэм ятеуухуа зэхьыхьэхэм, зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэм, литературэ зэхуэсхэм, тхылъ гъэльэгъуэныгъэхэм, нэгъэущІэхэми я епльыкІэ, я гупсысэ кьыщагъэльэгъуэнущ класс нэхъ цІыкІухэми нэхьыжьхэми щІэсхэм. Апхуэдэуи еджакІуэхэм яІущІэнущ ди тхакІуэхэр, усакІуэхэр.

БАГЪЭТЭР Луизэ.



Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Тэрч щІыналъэ

Зи школ кІуэгъуэ мыхъуахэм папщІэ

**Капитальнэу зэрагъэпэщыжри кьыхэІуахьажащ Тэрч кьалэ дэт еджапІэ №4-м зи школ щІэтІысхьэгъуэ мыхьуа сабийхэр зэкІуэлІэ и кьудамэр. Мыбы хуабжьу лэжьыгъэшхуэ щрагъэжІуэкІащ; унашъо, бжэ-щхьэгъубжэхэр зэрахьуэжІащ, уэр щІыбыр зэрахьащ, пэщІэр зыхуэІэхуэзащ, сантехникэр щІэуэ щІагъэуващ. А лэжьыгъэхэм, апхуэдэу унэльащІэрэ Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ кьэщэхуным федеральнэ ахьышу сом мелуани 6-рэ мин 200-р трагъэкІуэдащ.

САБИЙ садыр зыхэт Іыхьэм и мызакъуэу, зэрыщыту езы школми лэжьыгъэшхуэ иращІэкІащ икІи абы щышу зи школ кІуэгъуэ мыхьуахэм яІыгъ Іыхьэм хагъэхьауащ. Нэхьапэм апхуэдэ сабийхэр зы гуп фІэкІ мыхьуу щытамэ, иджы псори ди цІыху 65-рэ хъууэ гупищ щыІэнущ. Абы и фІыщІэкІэ кьалэм и кьухьэпІэ Іыхьэм щыпсэуэхэм яхэтыжьнукьым сабийр садым ягъэкІуэн папщІэ зи чэзум пэпльэнухэр. Сабий садхэм екІуэлІэхэр нэхьыбэ щыхьнуц «тэщІэдзэ школ - сабий сад» Іуэхущ1апІэхэми. Абыхэм зэкІэ япэ классым кІуэ сабийхэр кьащтэнукьым, абыхэм я пІэкІэ зи школ кІуэгъуэ мыхьуауэ кьекІуалІэхэм я бжьыгъэм хагъэхьуэнущ. Зэрыщыту кьащтэмэ, 2012 - 2013 гъэхэм гъэджэгъуэм кьрифыбдзу районым сабий сад щІэуэ итым екІуалІэхэм я бжьыгъэр 240-кІэ нэхьыбэ хьунущ.

«Налмэс» санаторэ-профилакторэу щытам и уиэр иджыпсту зэрагъэпэщыж, фокладэм и 1-м ирихьэлІэу абы кьыщызэІуахьынущ зи школ кІуэгъуэ мыхьуа сабийуэ зи сабийуэ зи узыншагъэр егъэфІэкІуэн хуейкэр зэкІуэлІэну сад.

КІУАНТІЭ Замирэ,
Тэрч районым и администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

Я зэфІэкІхэм хагъахъуэ

Полимерхэмрэ композит щыкьыгъуэхэмрэ щеджыну Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым хэт егъэджэныгъэ-щІэныгъэ центрым и зэфІэкІхэм хохьуэ.

МЫ ІЭНАТІЭМ и лэжьакІуэ пажэ Бесльэней Зерэ щыгъуазэ дыдзэрищІамкІэ, нобэ япэ ирагъэщхэм ящыщщ Джэрпэджэж кьыщыщІах ятІэм синтез Іэмалхэмкіэ елэжьныр.

Центрым и щІэныгъэІахэм а ятІэм полипропилен, полиэтилен пкъыгъуэхэр халъхьэри ягъэгъущІж, производствэм кьызэрыщагъэсэбэпыным хуэдэу. Мыхэр апхуэдэу Прохладнэ щыналъэм и «Кавказкабель-заводым долажьэ, кьхэуэтэныгъэ щхьэхуэхэри щрагъэкІуэкІ, зи гугъу тщІа пкъыгъуэхэр абы щагъэхьэзыр кІапсэ лІэужьыгъуэхэм кьыщыгъэсэбэпыныкІэ.

Центрым и щІэныгъэІахэм я зэфІэкІ псори ирихьэлІэ нобэ яІэ зэфІэкІым нэхьри зегъэувгъуэным.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Трагъэкіуадэм щыщ Іыхьэ иратыж

● АПК

Къэбэрдей-Балъкъэрым мэлрэ бжэну щАІыгъым я бжыгъэм ильэс къэс хохьуэ. Мы гъэм щІыщылэм и 1-м ирихьэлІэу абыхэм я бжыгъэр мин 413-м нэсащ. Илъэсэ 5 и пэкІэ зэрыхъуу щытар мин 290-рэщ.

АХЭР зехьэгъуафІэщ икІи гъэшхэгъуафІэщ. Республикэм и бгылъэ хъупІэхэр кьызэрагъэсэбэпым гъэмахуэ лъэхъэнэм мэкъумыным хъарзынэу кьахъдегъахуэ. Мэлрэ бжэну мини 110-м нэблагъэ ильэс кьэс Къущхьэхъум щАІыгъщ.

Къэралыр зэрыдэІэпыкъум ІэнатІэм нэрылъагъуу зрегъэужь. 2009 - 2012 гъэхэм къриифыбдзу бюджет ахъшэу сом мелуан 19-м щІигъу мэл гъэхъуным хухахащ. Мэл-бжэн лъхъэн-пІэнэкр кьызэрахъуным трагъэкІуадэм щыщ Іыхьэ мы ильэсми иратыжынущ. Абы теухуа тхылъхэр иджыпсту ягъэхьэзыр.

КЪБР-м Мэкъумэщ хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-ІуэхущІапІэ.

● Мэшыкъуэ-2013

Зэхуэсышхуэм зыхуагъэхьэзыр

Къалэн куэд щызэфІагъэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ Іуэхущ1апІэм Кавказпсо щІалэгъуаралэ зэІущІэ «Мэшыкъуэ-2013»-р къызэрызэрагъэпэщыну, зэрырагъэкІуэкІыну щІыкІэм щытепсэлъыхьащ. Абы хэтащ КЪБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Геккиев СултІан, зэзыгъэуІу гупым и унафэщІ Чернышев Сергей, зэхьыхьэ хэІущІыІу зыщІ, фІыкІэ зыгъэІу Поленкэ Анна сымэ, нэгъуэщІхэри.

«МЫ гъэм Мэшыкъуэ щекІуэкІыну зэІущІэр кьызэрызэрагъэпэщ щыкІэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ. Ахэр, псом ипраауэ, егъэджэныгъэ унэтІыныгъэращ зэхьэлІауэ щытынур. Дерс зэхшІагъуэ, кІэухэмкІ кьуэуэ щІалэгъуалэр дзэымыхьэхым и пІэкІэ лэжьыгъэ, Іуэху зэхуэмыдэхэм хэтыну Іэмал щыІэнущ», - жиІащ Чернышевым. Апхуэдэуи абы кьыхихгъэщащ, зи гугъу ящІа егъэджэныгъэ программэм и кьуэпсым зэрызыубгъунур, нэхъапэм ар плІы фІэкІа мыкъуу щытамэ, мы гъэм 9-м зэрыкьблагъэр. ЗэхъуэкІныгъэ халъхьэнущ зыгъэпсэхугъуэ зэманым теухуа программэмэри. «Республикэм и махуэхэр» щІалэгъуалэ жьпхъэм иту, ныбжьыщІэхэм я дежщыщІэрыІуэ артистхэр хэту ирагъэкІуэкІыж кьызэрилъытэр жиІащ Поленкэ Аннэ. Абыхэм кьищыкІэмыщІауэ, «Мэшыкъуэ 2013»-р нэхьапэхэм ирагъэкІуэкІа зэІущІэхэм кьащхьэщыкІынущ я лэжьыгъэм иІэ унэтІыныгъэхэм ельытауэ щІалэгъуалэр гуп-гупу зэрагъэшынумкІэ. «Ди щІалэгъуалэр зэрыдгъэщІыхуну, ныбжьэгъу зэхуэхъуну, иужькІи зэрыщІэну дыхуейамэ, зы щІынальэм кьикІэр зэгъуесу дгъэтІысу хъунукъым», - кьыхихгъэщащ Поленкэ Аннэ.

КъурихьэлІэхэм Іуэху елпыкІэ зэхуэмыдэхэр кьагъэлъэгъуащ, зэхьыхьэм и пэ кьихуэу абы хуэзыгъэхьэзыр зэІущІэхэр КИФЩІ-м и дэтхэнэ щІынальэми щегъэкІуэкІыным ехьэлІауэ. Ди республикэм и лІыкІуэхэм кьызэралъытэмкІэ, ахэр икъукІэ сэбэп мэхъу зи щІалэгъуэм зэщІидзэ лэжьыгъэр и кІэм нигъэсу, кьыпхощыт зэІущІэм езым зыхуигъэхьэзырыжьфу егъэсэн папщІэ.

КьищынэмыщІауэ, и гугъу ящІащ щІалэгъуалэм я лэжьыгъэр утыку зэрырахьэнум ехьэлІа зэхъуэкІныгъэхэм.

Мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІэкІэ «Мэшыкъуэ-2013»-м хэтыну Іэмал иІэщ цІыху 240-м.

КЪБР-м и іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Дунейм шыхъыбархэр

И пэжыпІэр зэхагъэкІ

Дунейм и хьыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэр мы махуэхэм нэхъыбэрэ зытепсэлъыхьхьэм ящыщщ хъярэчэтыщІэ Березовский Борис дунейм зэрехьжар.

Великобританиеми и къалащхьэ Лондон пэмыжыжьэу щиІэ уардэунэм гъатхэпэм и 23-м кьыщагъуэтыжащ абы и хьэдэр. Березовскэм и ныбжьэгъуэхэм щэч ящІ ар ауІагъэ. Къэхуэм и пэмыжыпІэр, ар зэрыслыкІар зэхагъэкІ Инджылызым и хабзэхъумэхэмрэ дохутырхэмрэ.

Фигу кьэдгъэкІыжьынщи, Березовскэр Урысей Федерацэм 2001 гъэм икІауэ щытащ, щІэпхъаджагъэ зыбжанэ зэхихцІыхьауэ ягъэзэкъуанэщу. Ди къэралым и хабзэхъумэхэм мызэ-мытІэу трагъэчыныхьат Березовскэр кьратыжьжыну. Ди хабзэхъумэхэм хуагъэувар ягъэззэщІэн дэнэ кьэна, 2003 гъэм ар Инджылызым кьыщалъытащ политикэ щхьэусыгъуэкІэ щтапІэ ихьжауэ.

Щ1ымахуэр икІыну хуейкъым

Гъатхэпэм иджы хуэдэ дуней щыІауэ ящІэжьыркъым москвадэс нэхъыжьхэмк. Ар икІи гъэщІэгъуэнкъым: апхуэдэ къыщыхьуар илъэсищэкІэ уэзэгъэкІыжмэщ - 1913 гъэм и гъатхэрщ.

Къалащхьэм дэсхэм я закъуэкъым дуней щыткІэм игъэтхьэусыхэр. Уеблэмэ, Украинэм и къалащхьэ Киев гъатхэпэм и 25-р мы лэжьыгъуэ махуэу щагъэуващ. УФ-м и щІыналъэм и нэхъыбапІэр уэсым щІигъэнащ, щІымахуэ фІэкІа умыщІэну, щыщІыІэ дыдэхэри иІэщ.

Иджы хуэдэ лъэхъэнэм кьэхуу и мыхабзэу, Европэм и кьэрал куэдми уэсыщхуэ кьыщІос, щыжьапщэщ, бгылъэ щІыпІэм уэсукъуэхэр кьыщхьэкынкІи шынагъэущ.

Синоптикэм зэрыжаІамкІэ, щІымахуэм и хьэл ткІийр иджыри зыкъомрэ игъэльэгъуэнущ. Я нэхъ мащІэрамэ, мы тхьэмахуэ дыдэрэрытым, щыІэр тІэкІу нэхъ текІуэтми, щытыкІэм щІагъуэ дыдэу зимыхъуэжыну кьалъытэ абыхэм.

Уэсыщхуэ кьыщеса щІыналъэхэм щыпсэуэхэм я закъуэкъым мы гъатхэпэм гугъу ехьыр - Ростов областым хьэхэ жылагъуэ 20-м щІигъым псыдзэ ящІэуащ, Іуэзэ тенджызым жьышхуэ кьызэрыщепщам и зэрарКІэ. А кьуажэхэм щыпсэуэр кьеГъэлакІуэхэм кхъуафэжьейхэмкІэ кьыдашри, щынагъуэ здэщымыІэ щІыпІэхэм ягъэІэпхъуащ.

Апхуэдиз хэпІъхьэмэ...

Ерыскъыпхъэ лІэужьыгъуэ 86-рэ зэхилъхьэри, Чикагэ кьалэм (США) и ресторанхэм ящыщ зым и пщафІэ нэхъыщхьэм ягъэхьэзыращ шхыныгъуэ тепльыджэ.

Ар мэпльым къызыщІыкІащ, дэ лІэужьыгъуэу щыІэм я нэхъыбор, ерыскъыр гурыхь зыщІ шыбжийхэр, къэкІыгъэ куэдыкІей хилъхьащ, пхъэщхьэмыщхьэу, хадзэхэІыу кьитъэсэбэлам я куэдагъыми ущІэмыщІэ!

Нэхъ гъэщІэгъуэныр шхэну рестораным щІыхьам я ерыскъыгъуэр Іэнэм зэрыхутрагъэуэр щІыкІэрщ: шыгъу, бжьын-бжьыныху, шыбжийхэкІэр хэлъу гъэжьа мэпльлыр тепщэч плІи-мащхуэкІэ кьыхуахъ, абы щІыгъуу сыхьэн пІащІэштхуэм щхьэхуэ-щхьэхуэу илъу кьыхутрагъэувэ шхыныгъуэм хапльан хуейуэ пщафІэм кьигъэлъагъуэхэр. ХьэщІэм езым зыхуейхэр мэпльлым хилъхьэурэ ешх.

Апхуэдэ гъэмыщІкІэр гуюс ящІыхуэну, шхапІэм щІыху куэд дыдэ кьыхуоблагъэ.

НОБЭ

Щ1ымахуэр икІыну хуейкъым

Гъатхэпэм иджы хуэдэ дуней щыІауэ ящІэжьыркъым москвадэс нэхъыжьхэмк. Ар икІи гъэщІэгъуэнкъым: апхуэдэ къыщыхьуар илъэсищэкІэ уэзэгъэкІыжмэщ - 1913 гъэм и гъатхэрщ.

t Златоуст дэт Іэщэ заводым и лэжьакІуэ зыкъэзыІэтхэжр 1903 гъэм пащтыхьыдзэм зэтриукІат.

t **Бангладеш ЦІыхубэ Республикэм и лэпкъ мафэушхуэщ** - щхьэхуит щыхьуа махуэщ.

t Гъатхэпэм и 26 - 28-хэм Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академием и унэм щызэхэтынущ гу дохутырхэм я зэхуэсышхуэр.

t Филологие щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик, КЪБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **ЦІыпІыкІо Альпэр** кьыхуагъэлъхьурэ илъэс 54-рэ иоркъу.

Дунейм и щытыкІэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым кьызэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщІытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 9, жэщым градуси 4 - 6 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іуэщ1ыгъэ:

Уэфірэ уэлбанэрэ я хьэкъ зэтенэркъым.

● Футбол

«Петротрест» (Санкт-Петербург) - «Спартак-Налшык» - 0:2

Урысей Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизионым 2012-2013 гъэхэм щекІуэкІ зэхъэзэхуэм ишкъ иткІэ, дыгъуэшышхэ Санкт-Петербург щекІуэкІа зэІущІэм зэхуэдэу бжыгъэ кьрикІуащ. Ди щІалэхэм ящыщу топхэр дагъэхІащ Руа Карлосрэ Медведев Алексейрэ.

«Петротрест»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» я зэІущІэр зэрекІуэкІамрэ зи чэзу джэгуГъуэм и ужькІэ турнир таблицэм игъэута теПльэмрэ ятеуухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ Iэнатlэм и щIыналъэ Iуэхущlапlэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэм къет

2012 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм иIа социально-экономикэ щытыкIэр

	2012 гъэм	2012 гъэм ельытауэ 2011 гъэм проценткIэ	2010 гъэм ельытауэ 2011 гъэм проценткIэ
Промышленностым и лэжьыгъэ[1]		118,6	100,3
Мэкъумэщ хозяйствэм и продукцэр, сом мелуан	29920,2	104,4	109,2
Автомобиль транспорткIэ хьэльэу ягъэIэпэхъуар, тонн-километ мелуан	87,3	93,5	94,6
Связым и Iуэхутхъебзэжьэр, сом мелуан	4417,3	129,2	86,4
Розницэ сатур, сом мелуан	83228,6	106,5	106,5
Щыхухэм щIэкIэ Iуэхутхъебзэу ухащIар, сом мелуан	18849,0	106,4	105,1
«Уэхуэныгъэ» лэжьыгъэ лIэужьыгъуэкIэ зэфIагъэкIар, сом мелуан	6427,0	102,8	118,4
ПсэупIэ унэу хьэзыр ящIар, метр зэбгъуэзнатIэ мин	281,8	103,3	103,3
ЩэхуакIуэ уасэхэр зэрыхьуар, процент[2]	108,8[2]	106,4	110,4
Промышленностым и товархэр кьыщIэзыгъэкIхэм ягъэува уасэхэр, процент	102,5[2]	106,2	116,1
Iку иту мазам зы щыхум иIа хэхъуэр, сом[3]	13664,4	108,1	111,9
ИпэжьыпIэкIэ кьыщIэкIым тещIыхьауэ ахъшэ хэхъуэр[3]		100,6	100,2
Iку иту зы лэжьакIуэм хуатха мазэ лэжьапщIэр (хьэрычэт Iуэху мыин зезыхьэ Iнатlэхэри хэту): номинальнэу	15891,6[4]	126,6[4]	111,0[4]
ипэжьыпIэкIэ кьыщIэкIым тещIыхьауэ	-	119,4[4]	100,2[4]
Лъэхъэнэм и кIэм ирихьэлIэу лэжьапщIэ ямыIэу официальнэу ятхахэм я бжыгъэр, щIыхь мин	8,9	93,0	79,6

[1] «ЩIым щIэхъ хьугъуэфIыгъуэхэр кьыщIэхьныр», «Сыфым елэжьныр», «Электрокъарур, газыр, псыр кьалэжьынымрэ тегуэшэнымрэ» лэжьыгъэ лIэужьыгъуэхэм ятещIыхьауэ.
[2] ПроценткIэ 2011 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм ельытауэ.
[3] Бжыгъэхэр зэкIэ кьыхэзыгалытам тещIыхьауэ.
[4] Бжыгъэхэр 2012 гъэм и щIышыдэ - щэкIуэгъуэ мазэхэм ятещIыхьауэ. Зэрыхэхъуа (зэрыхэщIа) псынщIагъыр кьабжащ 2011 гъэм и щIышыдэ - щэкIуэгъуэ мазэхэм ельытауэ 2012 гъэм и щIышыдэ - щэкIуэгъуэ мазэхэм проценткIэ зэрыхъум, ащхъуэдэу 2010 гъэм и щIышыдэ - щэкIуэгъуэ мазэхэм ельытауэ 2011 гъэм и щIышыдэ - щэкIуэгъуэ мазэхэм проценткIэ зэрыхъум тету.

2013 гъэм щIышыдэм и 1-м ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрстатым **СтатистикэмкIэ и регистрым** организацэу, абыхэм я филиалу е я Iнатlэ пыгъэщхьэхуакIуэ 12612-рэ ятащ.

Статистикэ регистрым ит организацэхэм я зэхуэдитIым щIигъэр опт, розницэ сатум, автотранспортыр, мотоциклхэр, унагъуэ хьэпшыпхэр, щIыхум есым и щхьэкIэ кьигъэсбэзэп Iэмэпсымэхэр зэзыгъэпэщыж Iнатlэм (процент 22,3-р), сырыем елэжь Iнатlэм (процент 12,9-р), мэкъумэш хозяйствэм, щакIуэ Iуэхум, мэз хозяйствэм я Iнатlэхэм (процент 10,6-р), ухуэныгъэм (процент 8,8-р) щыIащ.

Хозяйствэ зезыхьэ субъектэ 9378-р (учетым ита псомэ я процент 74,4-р) унейщ. Абыхэм ящыщу нэхъыбэ щыIэщ опт, розницэ сатум, автотранспортыр, мотоциклхэр, унагъуэ хьэпшыпхэр, щIыхум есым и щхьэкIэ кьигъэсбэзэп Iэмэпсымэхэр зэзыгъэпэщыж Iнатlэм (процент 27,6-р), сырыем елэжь Iнатlэм (процент 15,3-рэ), мэкъумэш хозяйствэм, щакIуэ Iуэхум, мэз хозяйствэм я Iнатlэхэм (процент 13,4-рэ).

2012 гъэм **промышленностым и продукцэр** 2011 гъэм ельытауэ процент 118,6-р мэхъу.

Промышленностым и продукцэм кьыщIигъуар сырьем елэжь Iнатlэхэм я предприятэхэм кьызэрагъэпэщащ. Абыхэм кьыщIагъэкI продукцэр процент 20,2-кIэ нэхъыбэ ящащ. Продукцэу кьыщIагъэкIым хэзыгъэхъуаxэм ящыщу ерыскыхэкI, абыхэм псы зэмыдIуэжьыгъэхэм тутынымрэ яхэту, щащI Iнатlэхэр (абыхэм 2011 гъэм ельытауэ 2012 гъэм продукцэу процент 27,2-кIэ нэхъыбэ ягъэхъэзыращ), целлюлозэ, тхылымпIэ кьыщIэзыгъэкI, тхылъ тезыдзэ Iнатlэхэр, полиграфиер (хуэдэ 1,7-рэ), хьэфэм, пластмассэм елэжь Iнатlэр (процент 38,3-р), электрооборудованэ, электрон, оптикэ оборудованэ зыщI предприятэхэр (процент 43,8-р), металлым елэжь, металлым кьыхэщIыкIа пкыгъэуэ хьэзырхэр кьыщIэзыгъэкI предприятэхэр (процент 6,4-кIэ).

ХъугъуэфIыгъуэ кьыщIахьар нэхъыбэ зэрыхъуар (2011 гъэм ельытауэ 2012 гъэм процентэ 125,6-рэ), кьыпэкIуащ щIыдагъэу нэхъыбэ (процент 27,8-кIэ) кьызэрыщIащам.

Электрокъарур, газыр, псыр кьэзылэжь, тезыгуашэ предприятэхэм я продукцэм процент 11,9-рэ кьызэрыщIигъуар кьыпэкIуащ электрокъарууэ процент 19,3-кIэ нэхъыбэ кьызэралэжьам.

2012 гъэм **«хуэныгъэ» Iнатlэм екъэлIауэ** сом мелярди 6-рэ мелуан 427-рэ и уасэ е абы япэ ита ильэсым ельытауэ процентэ 102,8-р арагъэкIуэкIащ.

ПсэупIэхэр уэхуныр. 2012 гъэм зи кьызэрэпэщыкIэкI Iэзэхуэмыдэу организацэ псомэ метр зэбгъуэзнатIэ мин 281,8-р кьызэрыкI фэтэр 2031-рэ ящIащ, абы уней лъапсэхэм иращIыхьа унэхэри хэту. 2011 гъэм ельытауэ псэупIэ унэу ящхуэр метр зэбгъуэзнатIэ мин 8,8-кIэ е процентэ 3,3-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Къуажэхэм метр зэбгъуэзнатIэ мин 70,3-рэ кьызэрыкI фэтэру 581-рэ дащIыхьащ, ари процент 1,7-кIэ нэхъыбэщ. ПсэупIэ унэхэм я нэхъыбапIэр - процент 89,2-р, метр зэбгъуэзнатIэ мин 251,5-р щIыхь щхьэхуэхэм яухуащ, ари 2011 гъэм ельытауэ процентэ 106,2-рэ мэхъу.

Мэкъумэш продукцэ кьыщIэзыгъэкI псомэ (мэкъумэш организацэхэм, мэкъумэшыщIэ (фермер) хозяйствэхэм, хьэрычэтыщIхэм, унагъуэхэм) кьалэжьащ зекIуэ уасэхэм ятещIыхьауэ 2012 гъэм мэкъумэшэкIыу сом мелуан 21355,1-рэ и уасэ е 2011 гъэм ельытауэ процентэ 104,4-р.

Апэ ита ильэсым ельытауэ 2012 гъэм гъавэу, джэшхэкIыу нэхъыбэ, сэхураныр, кIэртIофу нэхъ мащIэ кърахьэлIащ, хадэхэкIыу кърахьэлIэм 2011 гъэм ельытауэ зихьэжакъым.

Псори зэхэту гъавэу тонн мин 817,5-рэ (ягъэкъэбзэжа пэужь) кърахьэлащ, ар 2011 гъэм ельытауэ процентэ 10,5-кIэ нэхъыбэщ. Сэхураныр кьыщIалэкIар тонн мин 32,9-рэ мэхъу, ар апэ ита ильэсым нэхъ процент 27,8-кIэ нэхъ мащIэщ. КIэртIофу тонн мин 237,5-рэ кьатIыжащ (2011 гъэм ельытауэ процент 0,6-кIэ нэхъ мащIэщ, хадэхэкIыу кърахьэлIэжар тонн мин 346,3-рэ мэхъу е 2011 гъэм кърахьэлIэжам хуэдизщ.

2012 гъэм **мэкъумэш организацэхэм** гъавэм и процент 37,2-р, сэхураным и процент 58,5-р, кIэртIофым и процент 8,8-р, хадэхэкIым и процент 15,8-р кьалэжьащ. **МэкъумэшыщIэ (фермер) хозяйствэхэмрэ щхьэхъуэкIуэ хьэрычэтыщIхэмрэ** гъавэм и процент 62-р, хадэхэкIым и процент 45-р кърахьэлIащ. КIэртIофым и нэхъыбапIэр - процент 68-м щIигъэр, хадэхэкIым и процент 39-м нэблагъэр зыгъэкIар **уней лъапсэхэм** илэжьыхьэрщ.

Iэщ лIэужьыгъуэ нэхъыщхьэхэм я бжыгъэр 2012 гъэм дыгъэгъазэм и кIэухым ирихьэлIэу республикэм и хозяйствэ псомэ былымыр мин 276,7-рэ, (2011 гъэм ельытауэ процентэ 4-р э), абы щыщу жэмхэр мини 133,7-рэ (процентэ 3,4-рэ), кхъуэр мин 55,2-рэ (процент 2,1-р э), мэлхэмрэ бжэнхэмрэ мин 413,6-рэ (процентэ 106,9-рэ) мэхъу. ЦIыхухэм я уней щIапIэхэм щаIыгъщ быдымым и процент 68-м щIигъур, жэмхэм я процент 71-р, кхъуэхэм я процент 15-р, мэлхэмрэ бжэнхэмрэ я процент 53-м нэблагъэр.

2012 гъэм мэкъумэш продукцэ кьэзылэжь хозяйствэ псомэ лы папщIэу Iэщрэ джэдкъэзу ягъэшхащ (зэрыпсэуу шэчагъэ) тонн мин 85-рэ е 2011 гъэм ельытауэ процентэ 3,7-кIэ нэхъыбэ, гъэшу тонн мин 444,3-рэ (процентэ 9,5-кIэ нэхъыбэ), джэдыкIэу мелуани 176,8-рэ (процент 1,1-кIэ нэхъыбэ). IэщэхкI продукцэм и нэхъыбапIэр къэзылэжьыр унагъуэхэрщ. Абыхэм я Iэдакъэм кьыщIокI лым и процент 43-р, гъэшым и процент 71-р, джэдыкIэм и процент 85-р.

Мэкъумэш организацэхэм 2012 гъэм ихьэжьа ильэсым ящыщ зэмыдIуэжьыгъэ мин 133,7-рэ (процентэ 3,4-рэ), кхъуэр мин 55,2-рэ (процент 2,1-рэ), мэлхэмрэ бжэнхэмрэ мин 413,6-рэ (процентэ 106,9-рэ) мэхъу. ЦIыхухэм я уней щIапIэхэм щаIыгъщ быдымым и процент 68-м щIигъур, жэмхэм я процент 71-р, кхъуэхэм я процент 15-р, мэлхэмрэ бжэнхэмрэ я процент 53-м нэблагъэр.

2012 гъэм мэкъумэш продукцэ кьэзылэжь хозяйствэ псомэ лы папщIэу Iэщрэ джэдкъэзу ягъэшхащ (зэрыпсэуу шэчагъэ) тонн мин 85-рэ е 2011 гъэм ельытауэ процентэ 3,7-кIэ нэхъыбэ, гъэшу тонн мин 444,3-рэ (процентэ 9,5-кIэ нэхъыбэ), джэдыкIэу мелуани 176,8-рэ (процент 1,1-кIэ нэхъыбэ). IэщэхкI продукцэм и нэхъыбапIэр къэзылэжьыр унагъуэхэрщ. Абыхэм я Iэдакъэм кьыщIокI лым и процент 43-р, гъэшым и процент 71-р, джэдыкIэм и процент 85-р.

Мэкъумэш организацэхэм 2012 гъэм ихьэжьа ильэсым ящыщ зэмыдIуэжьыгъэ мин 133,7-рэ (процентэ 3,4-рэ), кхъуэр мин 55,2-рэ (процент 2,1-рэ), мэлхэмрэ бжэнхэмрэ мин 413,6-рэ (процентэ 106,9-рэ) мэхъу. ЦIыхухэм я уней щIапIэхэм щаIыгъщ быдымым и процент 68-м щIигъур, жэмхэм я процент 71-р, кхъуэхэм я процент 15-р, мэлхэмрэ бжэнхэмрэ я процент 53-м нэблагъэр.

Щыхуэ псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей щхьныгъуэхэм я уасэр дыгъэгъазэ мазэм КъБР-м сом 2324-м щыпэсащ. Зы ильэсым кьрибыдэу ар процентэ 6-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

2012 гъэм щэкIуэгъуэм и кIэухым хуэзэу **организацэхэм кьалэн зыщащыжьахэмкIэ щIыхуэу ятельар** сом мелуан 4792,8-рэ е щIыхуэ псомэ я процент 62,1-рэ хъуэу щытащ. Зи пшынэжьыгъуэ пIалъэр икIа щIыхуэ псомэ ящыщу кредитор щIыхуэр процент 60-м щIегъу.

Зи пшынэжьыгъуэ пIалъэр икIа кредитор щIыхуэу 2012 гъэм щэкIуэгъуэм и кIэухым сом мелуан 2976,6-рэ щыIащ. Зи пшынэжьыгъуэ пIалъэр икIа кредитор щIыхуэ псомэ я процент 49-м щIигъур зытелъар электрокъарур, газыр, псыр кьэзылэжь, тезыгуашэ организацэхэрщ.

Зи пшынэжьыгъуэ пIалъэр икIа дебитор щIыхуэу 2012 гъэм щэкIуэгъуэм и кIэм ирихьэлIэу сом мелуан 2902,8-рэ щыIащ. Зи пшынэжьыгъуэ пIалъэр икIа дебитор щIыхуэм и процент 45-м щIигъур хурагъэша товархэм, хуащIа лэжьыгъэхэмрэ Iуэхутхъебзэхэмрэ я уасэу щэхуакIуэхэм кьрамытыжахэрщ.

ЦIыхуэм псори зэхэту кьаIэрыхьэ ахъшэ хэхъуэр 2012 гъэм сом мелуан 140868,7-м нэсащ икIи блэкIа илъэсым ельытауэ процентэ 8,1-кIэ нэхъыбэщ. 2012 гъэм дэтхэнэ щIыхуми ику иту хэхъуэу мазэ кьэс сом мелуан 13664,4-рэ кьыIэрыхьащ.

КьыщIэкIым тещIыхьауэ кьапщтэмэ, ахъшэ хэхъуэхэр (фIэкIыпIэ зимыIэ платежхэр хагъэкIауэ, щэхуакIуэ, уасэхэм зэрызахъуэжьар кьэлытауэ) 2012 гъэм процентэ 100,6-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

Социальнэ ахъшэр хэмыту, 2012 гъэм и щIышылэщкIуэгъуэ мазэхэм (хьэрычэт Iуэху мыиным и Iнатlэрэм хиубыдэу) **лэжьакIуэхэм ику иту хуатх улахэр** сом 15891,6-м нэсащ икIи 2011 гъэм и апхуэдэ зэманым ельытауэ процент 26,6-кIэ нэхъыбэ хъуащ. КьыщIэкIым тещIыхьауэ кьапщтэмэ, курыт лэжьапщIэр (хуатхыр) процент 19,4-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

2012 гъэм щIышылэ - щэкIуэгъуэ мазэхэм лэжьапщIэр финанс Iуэхуэхэм пыщIа организацэхэм щынэхъ ин дыдэу, хъэщIэщ, ресторан Iуэхущlапlэхэм щынэхъ мащIэ дыдэу щытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхуэхэр лэжьапIэкIэ кьызэзыгъэпэщ и органхэм 2012 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм и кIэухым ирихьэлIэу **лэжьапIэ ямыIэу** официальнэу щIыху мини 8,9-рэ щатхащ. ЗэрылэжьапIэншэм кьыхэкIыу,ахъшэ кьратыну хуитыныгъэ яIащ щIыху мини 7,9-м.

КъБР-м ЦIыхуэр лэжьапIэкIэ кьызэрэпэщыжьмкIэ и къэрал комитетым и органхэм 2012 гъэм дыгъэгъазэ мазэм кьрибыдэу щIыху лэжьапIэншэу мин 1,9-м зыкъыхуагъэзащ, лэжьапIэ кьагъэзтыныжьмкIэ ядэIэпыкъуну кьэлыгъуэ. Абыхэм ящыщу щIыху мин 0,2-м, 2011 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм ельытауэ процент 71,7-кIэ нэхъ мащIэм, лэжьапIэ (хэхъуэ зыкъызыпахьи Iнатlэ) кьагъуэтащ.

Роспотребнадзорым и ЩIыналъэ управленэу КъБР-м щыIэм кьызэритамкIэ, 2011 гъэм ельытауэ 2012 гъэм **эпидемиологие щытыкIэр** ткIиящ, дзэмыкъэ зэфыкIхэр хуэдэ 1,8-кIэ, кIэтIийI уз зэрыщIалъэхэр процент 32,3-кIэ нэхъыбэ зэрыхьуам кьыхэкIыу. Абы кьыдэкIуэу, гепатит В зэуэхэр процент 50-кIэ, тэмакъ, тхьэмбыл уз зэрыщIалъэ зэфыкIхэр процент 17,1-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Грипп зэуалIэхэм я бжыгъэм процент 85,1-кIэ кIэрыхуащ. Уз зэрыщIалъэ лIэужьыгъуэ псомэ ятещIыхьауэ 2012 гъэм сымаджэ хъуауэ ятхар щIыху мини 74-щ е 2011 гъэм ельытауэ процент 13,1-кIэ нэхъ мащIэщ.

Уз зэрыщIалъэ лIэужьыгъуэхэм ящыщу щIыхуэм нэхъыбэу кьеуэлIащ тэмакъ-вирус уз зэрыщIалъэр (процент 84,2-рэ).

КъБР-м щыIэ МВД-м кьызэритамкIэ, 2012 гъэм хабзэншагъэ Iуэхуу 8798-рэ кхъуэхуэу ятхащ (2011 гъэм - 8285-рэ). Абыхэм ящыщу процент 28,7-м щIигъур щIэпхьаджагъэ хьэльэхэрщ, хьэлъэ дыдэхэрщ. 2011 гъэм ельытауэ щIэпхьаджагъэ хьэльэхэр процент 0,7-кIэ, щIэпхьаджагъэ хьэлъэ дыдэхэр процентэ 5,7-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

2012 гъэм хабзэншагъэ ялэжьауэ щIыху 3821-рэ сэтей кьащIащ. ЩIэпхьаджащIэхэм ящыщу уголовнэ жэуапым щыху 3474-рэ ирашэлIащ.

2012 гъэм кьрибыдэу хабзэншагъэ зылэжьахэм ящыщу процент 59,4-р сэтей кьащIащ. 2011 гъэм ар зэрыхьуу щытар процент 53,5-рэщ.

ЗкIэ кьызэралытэмкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2012 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу **щIыхуэ исар** мин 859,1-рэ мэхъу. 2012 гъэм и щIышылэ-дыгъэгъазэ мазэхэм республикэм кьалъхуауэ 13721-рэ, лIауэ 7691-рэ щатхащ, 2011 гъэм и щIышылэ - дыгъэгъазэ мазэхэм кьалъхуахэр 12848-рэ, лIахэр 8136-рэ хъуэу щытащ.

ЗАГС-м и органхэм нэчыкъ 6770-рэ ятхащ. Ар 2011 гъэм нэчыкъу ятхащ щытам нэхъри процентэ 6,8-кIэ нэхъ мащIэщ. ЗэбгъэдэкIыжхэм я бжыгъэр процент 0,2-кIэ нэхъыбэ хъуащ икIи 2615-м нэсащ. Республикэм щатха нэчыкъэхэм ящыщу 1000-м тещIыхьауэ 386-рэ якъутэжащ, 2011 гъэм а бжыгъэр 359-рэ хъуэу щытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрстат.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъуар «Захуагъэ эдэщIыI Урысей» политикэ партым и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэм кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьам хэту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым еплIанэ хэхыгъуэм и депутату хаха Логвиненкэ Игорь Анатолий и къуэм и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрящыхьащахэм кьыхэкIыу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Iэухукlэ» 2008 гъэм щыщхьэIум и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 6-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Закон №1-РЗ-м и 2-нэ статьям, «Бэгъуэт Кьанщобий Барэсбий и къуэм унафэ эщIхэм ящыщу Щэджэм щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и къалэнхэр комиссэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъуар «Захуагъэ эдэщIыI Урысей» политикэ партым и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэм кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьам хэту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и кандидату ятха Мэш Эдуард Михаил и къуэм (№ 11) етын.

2. Мы Унафэр цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iуэхущlапlэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутат Мэш Эдуард Михаил и къуэр тхыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2013 гъэм гъатхэпэм и 14-м *Налшык къалэ* *№52/2-5*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъуар «Захуагъэ эдэщIыI Урысей» политикэ партым и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэм кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Мэш Эдуард Михаил и къуэм етыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм 2013 гъэм гъатхэпэм и 14-м кьыщта Унафэ №52/1-5-м ипкъ иткIэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Iэухукlэ» 2008 гъэм щыщхьэIум и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 3-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутат Мэш Эдуард Михаил и къуэр тхын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутату ятхам зэрыхахамкIэ удостоверенэ ятын.

3. Мы Унафэр цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iуэхущlапlэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Балэ Борис Мухьэмэд и къуэр унафэ кьэзыщтэхэм ящыщу Щэджэм щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2013 гъэм гъатхэпэм и 14-м *Налшык къалэ* *№52/3-5*

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитныныгъэмрэ кьызэгъэпэщыныкIэ щэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iэухукlэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъэуэ и 12-м кьащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 20-нэ, 22-нэ, 26-нэ статьяхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Iуэхукlэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я Iэухукlэ» 2003 гъэм щыщыIэм и 8-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 2-нэ статьям, «Бэгъуэт Кьанщобий Барэсбий и къуэм унафэ эщIхэм ящыщу Щэджэм щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и къалэнхэр щхьэщыхьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм 2013 гъэм мазаем и 15-м кьыщта Унафэ №51/3-5-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Унафэ кьэзыщтэхэм ящыщу Щэджэм щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэн Балэ Борис Мухьэмэд и къуэр, 1950 гъэм кьалъхуар, курыт щIэныгъэ зиIэр, пенсионерыр, комиссэм хагъэхьэн папщIэ «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ щыIэ щIыналъэ къудамэм и Щэджэм щIыналъэ къудамэм кьигъэлъэгъуар.

2. Мы Унафэр цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iуэхущlапlэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

«Мухьэмэд и шабзэ» адыгэ цIыхубэ таурыхъым Теучэжь Къат трищIыкIа линогравюрэ. *1984 гъэ*

● ЗэIушIэхэр

Унагъуэр ягъэнэхъапэ

Налшык Бизнесымкlэ институтым иджыблагъэ щыкlуэжlащ «Унагъуэм иль гъэсэныгъэм ГъащIэм щыныгъуэмрабгъэ» зыфIащауэ зэIушIэ.

- Нобэрей зэIушIэм къыхьэлIащ диным и лэжьакlуэхэр, егъэджакlуэхэр, щIэныгъэлIхэр. Абыхэм яхэтщ Америкэм къыкlауэ ди институтым щылажьэхэу Шенонрэ Гортцрэ. Ди Iуэху еплъыкlэ зэтIэутыпIэрэ, дызытепсэлъыхьым бгъэдыхьакlэ тэмэмкlэ къыхэдгъэзыжмэ, хъарзынэщ, - жиIащ зэIушIэм къыщыпсэлъыхьым Бизнесымкlэ институтым и ректор **Хъурей Феликс**.

- Мы зэхэубысым сегугъу зыхуэзгъэхьэзэращ, - ныкъпищащ адэкlэ псалъэмакъым КъБКУ-м теориемрэ социальнэ лэжьыгъэм и тхыдэмкlэ и кафедрэм и унафэщI **Хьубий Башир**, - сыту жыпIэмэ, дызытепсэлъыхьыр егъэлеяуэ Iуэхущхъуэ. Унагъуэр псом ящхьащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, иджыпсту ди къэралым Iуэхур щыщIагъуэжьым. Зэдэмыпсэуфу зэбгъэдэкlыжхэр куэд хъущ, кьыщIэхъуэ щIэбгъэм я бжыгъэр машIэщ. Абы ипкъ иткlэ, унагъуэм и Iуэхум къэралым гулъытэ нэхъыбэ хуищIыхьэху къызэлъытэ.

- Жылагъуэр тэмэму зэдэпсэууэ зэтриугъэфынущ диным, - жиIащ зэIушIэм къыщыпсэлъа дин лэжьакlуэ **Емыкl Галинэ**. - Аращ щIэблэр зыщIэпIыкlын хуейр. Ахэр Iэмал имыIэу КъурIэным щыгъэгъуэзапхъэщ. Сабиим щIыхь къыщIыкlын папщIэ, адэ-анэм къарушхуэ трагъэкlуэдэн хуейщ. Динри, щэнхабзэри, литературэри зэхэплъхьэмэ, щIыхум гъэсэныгъэ хъарзынэ пхуэтынущ.

Тхьдэ щIэныгъэхэм я кандидат, КъБКУ-м и егъэджакlуэ нэхъыжь **Текlуий Мадинэ** и Iуэху еплъыкlэри игъэнэIуащ:

- Ди тхьдэм гъэуэгуанэ кlыхь кьыззэпичащ. Хабзэ куэд кlуэдащ, нэхъыбэжи кьежьащ. Ауэ псом и кьулеягьым зихъэжакъым. Абы ущытепсэлъыхьыкlэ, гъэуэм и дежь кьыщыщIэдзапхъэщ. Адыгэхэмрэ балъкъархэмрэ лIэщIыгъуэкlэрэ зэрагъэпэщащ унагъуэм ильэ хабзэ зэхущытыкlэ щхьэхуэ. Хабзэм, Iуэху зехьэкlэм куэд дыдэ яIыгъщ. Иужьрей зэманым нэхъри зыкъэпщэ хъуащ, абы и мыхьэнэр зэрыриныр, сыту жыпIэмэ, анэ е адэ фIэкlа зыбгъэдэмыс бынхэр куэд хъущ. ЦIыхум и кьалэнщ ягъэ итам и псэукlам, тхьдэм зыщигъэгъуэзэну. Унагъуэр зэрыпхъумэну Iэмал куэди абыхьэм къахэнащ.

Унагъуэр хъумэным я гуащIэ хэлъыпхъэщ цIыхухъуми цIыхубзми. Быным я гъэсэныр, ахэр зыхуей хуэгъэзэныр абыхэм я зэхуэдэ кьалэнщ. Абы щыгъуэми сабиир гъэсэным адэм увыIэшхуэ щуебыд. Быныр гъэудэIуным, гъэпскlыным, хуэпэным, гъэшхэным ар куэдрэ хэткъым. Апхуэдэу щыт пэтми, сабиим и дежкlэ сыт щыгъуи адэр щапхъэщ.

Америкэм къыкlа **Гортц** и псалъэмакъым зэгупсысыпхъэ куэд хэлът:

- Къыжьылапхъэщ США-м щыщ унагъуэхэм я процент 50-р щIэныгу зэрызэбгъэдэкlыжыр. Сэ езыр сыщыхэгъуэщ, сыадэщ. Унагъуэр еплъыкlэ щхьэхуэм тету сыуухуащ. Абыкlэ гупсысэ кlыгъэхуэпIэу тIу къэзгъэсэ-бэпащ. Пэр - си адэрщ. Аращ бгуэазу сиIар, иджыри къызэдэсым кьыскъуэнэр. Си адэм дэслъэгъуащ щхьэгъуэ пэжым, адэ щыпкъэм и щапхъэхэр. ЕтIуанэр - унагъуэ ухуэным и гъуэгу пэжым диным и тхьилъ лъапIэхэм уэрэрыхуашэрщ. Мис а Iуэхугъуэхэм сыкуэгъасэ дзыкъ зыхуащI щхьэгъуэзуэ, унагъуэм и Iуэхум къэралым гулъытэ нэхъыбэ хуищIыхьэху къызолъытэ.

- Жылагъуэр тэмэму зэдэпсэууэ зэтриугъэфынущ диным, - жиIащ зэIушIэм къыщыпсэлъа дин лэжьакlуэ **Емыкl Галинэ**. - Аращ щIэблэр зыщIэпIыкlын хуейр. Ахэр Iэмал имыIэу КъурIэным щыгъэгъуэзапхъэщ. Сабиим цIыхуу къыщIыкlын папщIэ, адэ-анэм къарушхуэ трагъэкlуэдэн хуейщ. Динри, щэнхабзэри, литературэри зэхэплъхьэмэ, цIыхум гъэсэныгъэ хъарзынэ пхуэтынущ.

Тхьдэ щIэныгъэхэм я кандидат, КъБКУ-м и егъэджакlуэ нэхъыжь **Текlуий Мадинэ** и Iуэху еплъыкlэри игъэнэIуащ:

- Ди тхьдэм гъэуэгуанэ кlыхь кьыззэпичащ. Хабзэ куэд кlуэдащ, нэхъыбэжи кьежьащ. Ауэ псом и кьулеягьым зихъэжакъым. Абы ущытепсэлъыхьыкlэ, гъэуэм и дежь кьыщыщIэдзапхъэщ. Адыгэхэмрэ балъкъархэмрэ лIэщIыгъуэкlэрэ зэрагъэпэщащ унагъуэм ильэ хабзэ зэхущытыкlэ щхьэхуэ. Хабзэм, Iуэху зехьэкlэм куэд дыдэ яIыгъщ. Иужьрей зэманым нэхъри зыкъэпщэ хъуащ, абы и мыхьэнэр зэрыриныр, сыту жыпIэмэ, анэ е адэ фIэкlа зыбгъэдэмыс бынхэр куэд хъущ. ЦIыхум и кьалэнщ ягъэ итам и псэукlам, тхьдэм зыщигъэгъуэзэну. Унагъуэр зэрыпхъумэну Iэмал куэди абыхьэм къахэнащ.

Унагъуэр хъумэным я гуащIэ хэлъыпхъэщ цIыхухъуми цIыхубзми. Быным я гъэсэныр, ахэр зыхуей хуэгъэзэныр абыхэм я зэхуэдэ кьалэнщ. Абы щыгъуэми сабиир гъэсэным адэм увыIэшхуэ щуебыд. Быныр гъэудэIуным, гъэпскlыным, хуэпэным, гъэшхэным ар куэдрэ хэткъым. Апхуэдэу щыт пэтми, сабиим и дежкlэ сыт щыгъуи адэр щапхъэщ.

Америкэм къыкlа **Гортц** и псалъэмакъым зэгупсысыпхъэ куэд хэлът:

- КъыжьылапхъэщI США-м щыщ унагъуэхэм я процент 50-р щIэныгу зэрызэбгъэдэкlыжыр. Сэ езыр сыщыхэгъуэщ, сыадэщ. Унагъуэр еплъыкlэ щхьэхуэм тету сыуухуащ. Абыкlэ гупсысэ кlыгъэхуэпIэу тIу къэзгъэсэ-бэпащ. Пэр - си адэрщ. Аращ бгуэазу сиIар, иджыри къызэдэсым кьыскъуэнэр. Си адэм дэслъэгъуащ щхьэгъуэ пэжым, адэ щыпкъэм и щапхъэхэр. ЕтIуанэр - унагъуэ ухуэным и гъуэгу пэжым диным и тхьилъ лъапIэхэм уэрэрыхуашэрщ. Мис а Iуэхугъуэхэм сыкуэгъасэ дзыкъ зыхуащI щхьэгъуэзуэ, унагъуэм и Iуэхум къэралым гулъытэ нэхъыбэ хуищIыхьэху къызолъытэ.

Адэкlэ псалъэмакъым кьыхьыхащ зэIушIэм и кьыз-зэгъэпэщакlуэхэм ящыщ **Ахматов Назир-хьэжыр:**

- Псоми кьыхэдгъэщащ унагъуэм и Iуэхур уэзэрыгъапIэу зэрыщыгыр. Мыбы зэкlыпIэ иIэн папщIэ зым жиIэр адрейм зэхихыфу зегъэсэн хуейщ. Зыкъэтщапхъэщ дзэхэмкlи жуэрэ гъэр тхьыну ди пщэ кьызэрыдэхуэр, - жиIащ абы. - Зыгтхъмжьи папщIэ диным ди гупэр хуэдгъаазэу, абы техуэу тхьапхъэр щIэдджьакlыну щхьэпэщ. Цыхуэр гъуэгу пэжым трещ фадэм, адриным, компьютер джэгукlэ зэхуэмыдэхэм. Абыхэм цIыхуэр зэрыщытхъэмэну Iэмал-хэри диным кьуигъэIэнущ.

КъБР-м цIыхум и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ уполномоченэу щыIэ **Зумакулов Борис** кьызэхуэсахэм фIыщIэ яхуищIащ икlи кьыхьыгъащащ псалъэмакъ щхьэпэ зэрекlуэкlащ.

ЗэIушIэр кьызэзгъэзыгъэщащхэм зэрыжаIамкlэ, мыпхуэдэ зэIушIэхэр щIэх-щIэхыуэрэ ирагъэкlуэкlынущ. Ахэр техуэауэ щытынущ гъащIэм мыхьэнэ нэхъыщIэхэ щызыубыдыр Iэхуэгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Ди псэлъэгъуэр

Къэхъукъащlэ псори - Алыхь Iэмырщ

Ильэс тIощым щIигъуауэ Прохладнэ, Май куейхэм я ранс Имамащ Нэгъуей Хьэсэнбий. А лэжьыгъэ мытынщыр пщIэрэ щыхьэрэ иIэу псэ хьэлэмкlэ зэрехьэ. Абы и щыхэтщ и мэхъэбым щIэтхэр, щыху кьызэрыгуэхIэр, куейхэм я Iэтащхьэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусылымэнхэм я Iуэхущапlэм и унафэщIэ яхьэзрыхъуэрэзэр, кьыхэзрыщытхъур, Кавказ Ищхьэрэм и Мусылымэнхэм я зэхэгъэуIу центрым кьыхуигъэфэща орденыр. Нобэ ар ди псэльэгъуэ.

- Хьэсэнбий, Тхьэм и щыкуркlэ, иджыпсту ильэм диным ди щIыпIэм зыщIиужьыжьк лъхъэнэщ. Уэ дапщэщ мусылымэнхэр нэсу кьыщыпгъкъыхьар?

- Адыгэ лъэпкъым ильэсищ куэд хьуауэ мусылымэн диныр кьыдогъэгурыкlуэ. Щэн хэлъкъым дэтхэнэ зым ар ди лъыпIэ зэрыхэтым. Сэри аращ. 1940 гъэм сыкъыщалъхуа Къэрэгъэш кьуажэр адыгэ жылагъуэ нэхъыжь дыдэхэм ящыщ щIыкlи абы хабзэри динри нэсу щызэкlуэ. Абы нфI сэрин кьызэмыкlынкlэ Iэмал иIакъым.

Сабиигъэращ псоми я кьежьапIэр. Ар си дежкlэ хьэльэу щытащ. Си адэр сщIэжьхьэрэкъым, ильэситI фIэкlа сымыхьуауэ, 1942 гъэм ар зауэм хэкIуащ. Iейм рэ фIымрэ зэхэсщIыкlыну сыхунэмысауэ си анэри дунейм ехьжащ. Аратти, ильэсиш ныбжьым ситу, зеиншэ дыдэ сыхъуащ. Ауэ, Алыхьым фIыгъуэр кьахуищ и сиIыхьлъхэм - абыхэм сызыхуей сыхуагъэнэкlуэкъым. Псом хуэмыдэу фIыщIэ ин яхуэощI си адэ кьуэшхэм. Абыхэм я бын дыдэм сыхуагъдащ.

Тхэкlэ, еджэкlэ зэзгъэщIа кьудейуэ мусылымэн диныкъ сыдихьэхащ. Абыкlэ сэбэпышуэ кьыскъухьуащ си адэ кьуэшым и щхьэгъусэ Маржьинэт. Абы мыдрисэр кьуухауэ дин щIэныгъэ иIэти, мусылымэнигъэр кьабгъэу зэрихьэт. Арат Къурэн сыкъыдджэфу, нэмэз сщIыфу сезыгъэсари.

Курыт еджапIэр кьыщызухым, тездэрри Налшык сыкlуащ. Дин Iэхуэхэр зэригъаIуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Министрэхэм я Советым щыIэр къэзгъуэтри, сельэуауэ ислъам щIэныгъэ зэзгъэгъуэтыну еджапIэ сигъэкlуэну. Ар кьыщыхъуар 1958 гъэр - диныншэ гупсысэм хуабжьу зыщиужьа лъэхъэнэ гуащIэрат. Дауи, сызджэкlуаэхэр зыкlи кьыздэIэпыкlуакъым икlи кьуажэм сыкъэсыжьатэкъым сыщещIа щкольмрэ нэхъыщIэ щызыубыдыр Iэхуэгъуэ зэмылIужьыгъуэхэм.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Дэ къытхуатх

Къхъэхэр дывгъэгъэкlабзэ

Дэтхэнэ зы щыхуми и нужьрей егъэзыIэну щытщ кlуэр, Абы кьыхэкlыу, ар къабзэу, зыхуей хуэгъэзэвэ щытыпхъэщ. Арщыдан къуажэм а Iуэхугъуэм сыт щыгъуи гупытэ хэлъ щыкlуащ.

МИС аргуэриу, ди жылэм и Iимам Нэгъуей Борис и жэрдэмкlи, кьхъэр зэщIадгъэкъэбзащ. Абыхэм ярыт жыгхэм яхэгъуэкlа къудамэхэр пытащ, къуацэхэр къидулIыкlащ, кьэрэжьуэ гъуэхэр зэщIэткъуэри, псори дгъэсхьащ.

Ди къуажэккъэхэр кlабзэу зэрызэтхъэным фызущIэкlу зэпытщ. Гъатхэм щыщIэдзауэ бжьыхьэм нэсыху абыхэм ярыт удзыр Къатинэ Юрэ кьех икlи зэщIекъуэж. Уэсыр зэрытекlыу, Iимамым и кьыхуеджэныгъэкlэ мусылымэнхэм щIыхьэху идогъэкlуэкI. Кьуажэдэс нэхъыжьхэм ди гукъеджэгъуэ ящыщщ кlхъэм дэт гъэмэ и тепIэр. Iэмал щыдгъэгъэт, абы и унащхьэр зэтхъэжкlыу ремонт едгъэщIыну ди мурадщ.

Сэ сыкьалщтэмэ, мыпхуэдэ Iуэхугъуэ щхьэпэхэм сыхэтыну хуабжьу сфIэфIщ. Кьуажэм агроном нэхъыщхьэу илъэс куэдкlэ сыщылэжьащ икlи цIыхуэм си гур якlэрыпщIауэ щытщ. Мусылымэныгъэр нэсу зыхэсщIэныжмкlи щIэзэусыгъуэ схузэхуащ си къуэр тIунейфэ зэкlэлъхьэужьу авариешхуэхэм зэрыгъхуар. Къемылын я гугъэу, ар псэзэпылъхьэпIэм итащ. ЕтIуанэ фэбжьыр абы кьыщылъысам, сегупсысыпащ: «Ирэби, гуауэм щхьэ кlуапIэ мыпхуэдизу дыкъэшIащ» пIэрэ?» - жысIэри.

Реанимацэм и бжэлупэм сызджыIуэсым зы щэщэн цIыхуб къэзыIухьащ илъэсиплI зи ныбжьым щIалэ цIыкlу и гуэсу. КьыщыщIам щыщIэупщIэм, Iуэхур зытетыр хэсIэуэтащ. ИтIанэ, и гур кьысщIэгъуу, «нэмэз пщIырэ?», - жиIэри кьызэупщIащ. Пщыр сыткlа щыхьэпэ, сщIыртэкъым. «Сэри къуэ щакъым нэмэз щIын зэрыщIэздзэрэ, - кьыпищащ абы. - Си щхьэгъусэмрэ сэрэ бын диныгъэ зыкъэмыгъэ дыдэхэрщ. Нужь, унагъуэм нэгъуэщI кьарагъэшхэну траухуащ. Сэ ар щхьэжэ сщыхъащ: дыкъэзыIуэрт, дызэдзIуэжырт. Мазэ гуэрым гъуэгу сытету псэльэгъу схузэхуэ фызыжьым си гуауэр щыхэсIуатэм, «Нэмэз щы. Си Iуэхуд итIанэ уи лъэIур Алыхьым пIимыхмэ», - кьызжиIащ. Абы и псалъэр спхьIкlауэ сыкlыжэри, абдежьым нэмэз щIыным щыщIэздзащ икlи куэд дэмыкlыу щIалитI зэкlэлъыкlуэу зэдэдгъуэтащ».

«Сэри сызэхихыну мыгъуэу пIэрэ? Мы зэм и псэр кьызэтенатэмэ, си гъащIэр нэмэз сщIыуэ схьынт», - жысIэри нэмэз щIыным зэгъэсащ. Мсиуеву, апхуэдизу зыхэльа си къуэр хъужащ! КьызэрызэфIэувэжу езгъэсауэ абыи нэмэз ещI. Абдежьым зэхэсыщ щIасПIэмкlи уи Iуэхур Алыхьым бгъэдэлпхъэным нэхъ лъапIэрэ щхьэпэрэ зэрыщымыIэр.

Тхьэм и щыкlуэр, Щыхуфlэхэм мы дунейм щымащIэкъым. МазитIрэ ныкъуэкlэ Мэзкуу и сымаджэщым си къуэр щыщIэлъам абы текlуэда пощIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI Хьэсанэ Руслан къыддэдэIэпыкlуащ, Алыхьым и псапэр куэд ищI! Сыпсэухукlэ си гум илынщ, «Фэ кхъухьлъатэкlэ къэвмышэфынумэ, санавиацэм бригадэ щхьэхуэ игъуэзу ныкъуэзгъэкlуэнщ», къызэрыджиар.

БИТIЭХЬУ Мухьэрбий,
лэжьыгъэм и ветеран.

● Iуэху щхьэпэ

Куржым и премьер-министрым и мылъкукlэ мэжджыт иригъэухуэнущ

ЧРИСТЭН диныр щытепщэ Куржы къэралыгъуэм ихьэ, мусылымэнхэр куэду щыпсэу Аджарием и кьалащхьэ Батуми мэжджыт ин щаухуэным гугъуехь лъэпкъ хэмылъу кьелъыгъ, зи тепльхьэр нужьрей парламент хэхыныгъэхэм щытекlуэу, иджыблагъэ премьер-министр кьиныкъур зыIэрыхьа Иваншвили Бидзинэ.

- Сэ къызгурыIуэркъым мусылымэнхэр зыхуэныкъуэ мэжджытыр Батуми щыхуэным гугъуехь къыщIыхэкlар. Ахэр, адрейхэми хуэдэу, ди цIыхуф икlи динкlэ зыхущIэкъуэгъэ кьедгъэхьулIэн хуейуэ ди кьалэнщ, - жиIащ Иваншвили Бидзинэ журналистхэм щаIуащ. - Зэрихьэ диным щхьэкlэ денькъэкъуэу дэ зи цIыхум лей кьытедгъэхьэнухьым. КъащIтэмэ, сэ си мылъкукlэ мэжджыт егъэщIыну сихуейщ икlи ар зэрызэфIэдгъэкlыну Iэмалыр зэгъуэсу кьэдгъуэтынщ.

Иваншвили Бидзинэ

● Хьыбар гуапэ

Франджым муслъымэнхэм я бжыгъэм щыхохъуэ

Илъэс гъунэгъухэм Франджым муслъымэну щыпсэухэм я бжыгъэр мелуаныкlэм щыщIигъунущ икlи исльамыр къэралым официальнэу щызэкlуэ етIуанэ дин хъунущ.

ПАРИЖ щекlуэкlа зэIушIэшхуэхэм ящыщ зым апхуэдэу щыжиIащ Франджым къэрал кlуэщI Iуэхухэмкlэ и министр Вальс Мануэль. *«Tunivisions»* хьыбарегъащIэ агентствэм кьызэриткlыжа, абы кьыхихгъащIэ: «Нобэкlэ Франджым мэжджыт 2300-рэ щахуэщ икlи ди правительствэмрэ европэ къулькъущхэмрэ къальытэн хуей хъунущ исльамыр гъащIэм екlуу дэгъуэгурыкlуэ дину зэрыщытыр, цIыхум, псом хуэмыдэу, цIыхубзым, и хуитныкъэхэр нэсу къыхъумэу».

Куейм зы Iуэхугъуэшхуэ щекlуэкlыркъым дэ драмы-гъэблагъэу, жьантIэр тIысыпIэ щытхуамыщIу. Сыт хуэдэ лъэIу диIэу захуэдгъэзами, щыгъэфIамыгъэкlи иджыри къэс къэхьуакъым. Апхуэдэ зэхущытыкlэм ди Iуэхухэр тынш ящI, зэгурыIуэныгъэр ягъэбыдэ. Районхэм я еджапIэхэм зэгъусэу дыкlуэурэ ныбжьыщIэхэм, щалэгъуалэм дахуоэ икlи диным фIыуэ хэльхэр, ар сыт хуэдэ залымыгъэми зэрибнир яткlыдогъэкI. Дрогушхуэ Прохладнэ, Май куейм щыщ щыцIыхуэ экстремизмэмрэ терроризмэрэ пыщIа-уэ кьыззрамыхутам, абыхэм ди деж лъабжьэ лъэпкъ зэрыщымыIэм.

- Хьэсэнбий, уэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусылымэнхэм я Iуэхущапlэм и унафэщIым и къуэдзэ кьалэнрэ ехьулIэныгъэкlэ бгъэзэщIащ. Абы и гугъу кьытхуэщIыт.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым ис муслъымэнхэм я съездым кьыщыхалъхьэри, КъБР-м и муфтийм егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкlэ и къуэдзэ кьалэныр щIэрыль кьыщащIауэ щытащ. А лъэхъэнэрат Исльам институтыр кьыщызэрагъэпэщари, сохьуцIэхэр зэщIэсхьи, щеджэн, езыгъэджэн Iуэхугъуэхэр зэрэдгъэкlырт, абыхэм я шхыныр кьетшалIэрт. Сыт хуэдиз гугъуехь дыхэтами, лэжьыгъэр зэрыщэтеуважи, жыжьэ Iумажьыу ди щIалэгъуалэр муслъымэн диным хуедгъэджэну Iэмал зэрыдгъэотам идвы дыщогугфыкlыкlы.

- ЩIэгъэкъуэн умыIэмэ, сыт щыгъуэ Iуэхурэ хьэлэщ. Уи кьалэн мытыншыр бгъэзэщIэнымкlэ, мэжджытхэр ухуэнымкlэ кьыбдэIэпыкlуакъэ-хэм я щIэр кьытхуипIэну?

- Ахэр куэд мэхъу икlи дэтхэнэ зым я Iуэхущафэхэм кьыпэкlынур Адыкlыкъым псалпэу кьаритыж. Сыт хуэдэ лэжьыгъэми мылъкукlи кьарукlи щIэтэкъуэн нэхъ кьыщыкlэ-хуэ щIэрэ? Реанимацэм и бжэлупэм сызджыIуэсым зы щэщэн цIыхуб къэзыIухьащ илъэсиплI зи ныбжьым щIалэ цIыкlу и гуэсу. КьыщыщIам щыщIэупщIэм, Iуэхур зытетыр хэсIэуэтащ. ИтIанэ, и гур кьысщIэгъуу, «нэмэз пщIырэ?», - жиIэри кьызэупщIащ. Пщыр сыткlа щыхьэпэ, сщIыртэкъым. «Сэри къуэ щакъым нэмэз щIын зэрыщIэздзэрэ, - кьыпищащ абы. - Си щхьэгъусэмрэ сэрэ бын диныгъэ зыкъэмыгъэ дыдэхэрщ. Нужь, унагъуэм нэгъуэщI кьарагъэшхэну траухуащ. Сэ ар щхьэжэ сщыхъащ: дыкъэзыIуэрт, дызэдзIуэжырт. Мазэ гуэрым гъуэгу сытету псэльэгъу схузэхуэ фызыжьым си гуауэр щыхэсIуатэм, «Нэмэз щы. Си Iуэхуд итIанэ уи лъэIур Алыхьым пIимыхмэ», - кьызжиIащ. Абы и псалъэр спхьIкlауэ сыкlыжэри, абдежьым нэмэз щIыным щыщIэздзащ икlи куэд дэмыкlыу щIалитI зэкlэлъыкlуэу зэдэдгъуэтащ».

«Сэри сызэхихыну мыгъуэу пIэрэ? Мы зэм и псэр кьызэтенатэмэ, си гъащIэр нэмэз сщIыуэ схьынт», - жысIэри нэмэз щIыным зэгъэсащ. Мсиуеву, апхуэдизу зыхэльа си къуэр хъужащ! КьызэрызэфIэувэжу езгъэсауэ абыи нэмэз ещI. Абдежьым зэхэсыщ щIасПIэмкlи уи Iуэхур Алыхьым бгъэдэлпхъэным нэхъ лъапIэрэ щхьэпэрэ зэрыщымыIэр.

Тхьэм и щыкlуэр, Щыхуфlэхэм мы дунейм щымащIэкъым. МазитIрэ ныкъуэкlэ Мэзкуу и сымаджэщым си къуэр щыщIэлъам абы текlуэда пощIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI Хьэсанэ Руслан къыддэдэIэпыкlуащ, Алыхьым и псапэр куэд ищI! Сыпсэухукlэ си гум илынщ, «Фэ кхъухьлъатэкlэ къэвмышэфынумэ, санавиацэм бригадэ щхьэхуэ игъуэзу ныкъуэзгъэкlуэнщ», къызэрыджиар.

● Хьэлэмэтщ

Рональду КъурIэным фIэфIу щIодэIу

Дунейм и топджэгу нэхъ Iэзэ дыдэхэм ящыщ зы, Мадрид и «Реал»-мрэ Португалием и командэ къыхэхамрэ я гуэащхьауэ Рональду Криштиану хуабжьу фIэфIщ КъурIэн къыззэрездэм едIэIуэ.

«РЕАЛ»-м къыдыхэт, Германием и командэ къыхэхам и гуэащхьауэ Озил Месут (лъэпкъкlэ тыркущ) Индонезием и хьыбарегъащIэ ЭнатIэкэм ящыщ зым щепсальэм къыхитхэщащ Рональду и ныбжьэгъу нэхъыбIэм зэрахIыжа нэхъ хущIыхьэгъуэ щалэм и деж зэгъуэгу КъурIэн зэрезджэр. Рональду исльамым и гъуэгу пэжым тезыгъэувэфыну цIыхуэ езыр хъуну Озил щогугъ.

НапжкIуэцIэр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.

Мэлыжьыхьым и нэмэз щIыгъуэхэр

● Фи лъэIукlэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщIэкlыр	Шэджагъуэр	Нчынджыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, блыщхьэ	5.17	6.47	13.20	16.53	19.31	21.11
2, гъубж	5.15	6.45	13.20	16.54	19.32	21.12
3, бэрэжьей	5.14	6.44	13.19	16.55	19.33	21.13
4, махуэку	5.12	6.42	13.19	16.55	19.34	21.14
5, мэрем	5.10	6.40	13.19	16.56	19.36	21.16
6, щэбэт	5.08	6.38	13.19	16.56	19.37	21.17
7, тхъэмахуэ	5.07	6.37	13.18	16.57	19.38	21.18
8, блыщхьэ	5.05	6.35	13.18	16.57	19.39	21.19
9, гъубж	5.03	6.33	13.18	16.58	19.40	21.20
10, бэрэжьей	5.01	6.31	13.17	16.58	19.42	21.22
11, махуэку	5.00	6.30	13.17	16.59	19.43	21.23
12, мэрем	4.58	6.28	13.17	16.59	19.44	21.24
13, щэбэт	4.56	6.26	13.17	17.00	19.45	21.25
14, тхъэмахуэ	4.55	6.25	13.16	17.00	19.46	21.26
15, блыщхьэ	4.53	6.23	13.16	17.00	19.47	21.27
16, гъубж	4.51	6.21	13.16	17.01	19.49	21.29
17, бэрэжьей	4.50	6.20	13.16	17.01	19.50	21.30
18, махуэку	4.48	6.18	13.15	17.02	19.51	21.31
19, мэрем	4.46	6.16	13.15	17.02	19.52	21.32
20, щэбэт	4.45	6.15	13.15	17.03	19.53	21.33
21, тхъэмахуэ	4.43	6.13	13.15	17.03	19.55	21.35
22, блыщхьэ	4.42	6.12	13.15	17.03	19.56	21.36
23, гъубж	4.40	6.10	13.14	17.04	19.57	21.37
24, бэрэжьей	4.39	6.09	13.14	17.04	19.58	21.38
25, махуэку	4.37	6.07	13.14	17.05	19.59	21.39
26, мэрем	4.35	6.05	13.14	17.05	20.01	21.41
27, щэбэт	4.34	6.04	13.14	17.05	20.02	21.42
28, тхъэмахуэ	4.32	6.02	13.14	17.06	20.03	21.43
29, блыщхьэ	4.31	6.01	13.13	17.06	20.04	21.44
30, гъубж	4.30	6.00	13.13	17.07	20.05	21.45

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусылымэнхэм я Iуэхущапlэм къыдитащ.

● Жэрдэм

Зэманыр пщIэншэу ямыгъэкIуэду

КъБР-м спортымрэ туризмэмкIэ и министр АфIэунэ Аслъэн иригъэкIуэкIащ Урысей МВД-м Налшык къалэм-кIэ и управленэм и лIыкIуэхэр, спорт школхэм я унафэщIхэр, абыхэм я гъэсэнхэмрэ адэ-анэхэмрэ зыхэта зэIущIэ.

АБЫ щытепсэльыхьащ ныбжьыщIэхэм еджэным къахудэхэу зэманыр купщIафIэу къагъэсэбэныным хуэунэтIа зэрыхъуну Iэмалхэм, сабийхэм гъащIэм я гъэсэу къыщагъэтыжырыпн папщIэ сэбэн зэрыхъупхьэхэм. АфIэунэм къыхиГъащIащ щIэблэр я гъэсэным псори эздегугъун зэрыхуейр.

«Зэманыр сабэпынщэу, мыхьэнэншэу зыгъакIуэ сабийр гъэзэу пэжым тыншу теджэрзэныкIыфынуц. Iэзэуншэу уэрамым дэтхэм я хъым ихуэу, ахэр наркотикымрэ фадэмрэ дихьэхырэ зыхуэIуэ щыIэжыпн. Абы къыжкIыбу, ди сабийхэм гупытэ яхэтщIыпхьащ. Дэтхэнэми зыкъегъащIапхъащ егъэджакIуэу, дохутыру, спортсмену, зэхэщIыкIрэ акъылрэ къызыкъуэкIын щIыблэ узынышу дазэрыщыгугъыр», - жиIащ АфIэунэм. Абы зэIущIэм кърихьэлIа ныбжьыщIэхэм езыхэр зыхуей спорт секцэхэм хэгъэхъэн жэрдэмыщ къыхихьащ. Адэ-анэхэр абыкIэ гуапэу арэзы хъуащ.

ГЪЭУНЭ Светланэ.

● БэнэкIэ хуит

Хэгъэрейм къыхигъэщIами, Урышыр мэдалыншэ хъуакъым

БэнэкIэ хуитымкIэ, алыдж-урым бэнэкIэмкIэ, щIыхуэ бэнэкIэмкIэ Европэм и зи чэзу чемпионатыр 1Тбилиси щиухащ. НэхъапэIуэкIэ дыщэ мэдалыр абы къыщыхьыхьа Джэду Iэниуар и ехъулIэныгъэм адрей адыгэ щIалэхэми къыпащащ.

МэРЕМ кIуам зэхагъэкIащ бэнэкIэ хуитымкIэ килограмм 84-рэ зи хьапIагъэхэм я нэхъ лъэщыр. Урысей Федерацэм и щIыхьыр абы щихьумащ Европэм тIэунейрэ и чемпион Урыш Анзор. Куэдым шэч къытрахьэртэкъым адыгэ щIалэр аргуэрои саугъэтышэ зэрымыхъунр.

ПэщIэдзэ зэIущIэхэм гугъу демыхьышущу Урышым щыхигъэщIащ Венгрием (Мэжэрым) щыщ Бенеф Иштфанрэ (2:1, 6:0) нэмыщI бэнэкIуэ Сергеевыр Габриэлрэ (1:0, 4:0). Финалым и Iыхьэ пIанэм къыщыхуэза Белоруссием и лIыкIуэ Гайдаров Мурад нэхъ елIэлIащ икIи я зэныкъэкъныгъэр зэрытемыгъэкIуаэу, 1:1-уэ, иуха пэтми, Анзор бжьыпэр иратащ, иужьу очко зэрызыIэригъэхьам къыхэкIыу.

Иджы финалым кIуэн папщIэ Урышым хигъэщIэн хуейр хэгъэрейхэр бэкIэ зыщыгугъ Марсагишвили Дато. Зэхьэзэхуэм елпIыну кърихьэлIахэр ерыщу къыхэзрыдэщым зи къарур игъэбзэуа куржы щIалэр IэубыдыпIэншэт. Ар Анзор къефIэкIащ икIи иужькIэ Европэм и чемпион хъуащ.

КъыззрыхагъэщIам игъэгубжьа Урышыр адакIэ къызыгъэкIуэтыжым щыIэтэхъым. Жэз медалым щыщIэбзэна финал щIыкIум абы и губжьыр щытрикъутащ румын Франт Андрей. 8:0, 6:0-у Анзор зэрытекIуам псори науэ къыпщащI.

Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ килограмм 66-рэ зи хьэпIагъэхэм я зэпеуэм дыжьын медалыр къыщихьащ Адыгейм щыщ КъуракIэ Iэдэм. Ар къыщыхагъэщIар финалым и закъэущ.

Арати, ГъатхэпэМ и 19 - 24-хэм Куржым и хьалащхьэм щекIуэкIа Европэм и чемпионатыр абы хэта адыгэ щIалищми яхуэзыгурлащ: Джэду Iэниуар дыщэ, КъуракIэ Iэдэм дыжьын, Урыш Анзор жэз медалхэр зыIэрагъхьащ. АдэкIи Тхъэм иригъэфIакIуэ!

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Дзюдо

Ныбжьыщ Iэхэм я зэпеуэм

Красноярск щекIуэкIащ Урысейм дзюдомкIэ пашэныгъэ къыщыхьыныкIэ ныбжьыщIэхэм (илъэс 21-м нэс) я зэхьэзэхуэ. Ярыгин Иван и цIэр зэзыхьэ Спорт уардэунэм щыIэхуэсат федеральнэ щIыналъи 8-м, Москва, Санкт-Петербург я спортсмен нэхъ пащхьэр. Ахэр щIэбэнащ къэралым и гуп къыхэкам хэхуэным.

КъЭБЭРДЕЙ-БалъкIЭРЫМ и щIыхьэр ахьумащ ди спортсмениблым. Килограммы 100-м нэблагъэхэм я деж дыжьын медалыр щыIэрагъэхьащ Хъурсин Залымхъан. Бжьыпэр иубыдащ абы хьэрхуэрэгъу къыхуэхъуа, Краснодар краймэ и спортсмен Цыхьалхъуэ Рустам.

Пщащэхэм я зэпеуэм Нэгуэр Айданэ Свердловск областым щыщ Трапезниковэ Анастасие къыпикIуэтри, етхуанэ увыпIэр къыхьащ.

КъБР-м Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ Iанэ.

● Урысейпсо акцэ

«Ажалыр щащэр къыджеIэ!»

ГЪАТХЭПЭМ и 18-м щIидзаеу Къэбэрдей-Балъкэрым щокIуэкI «Ажалыр щащэр къыджеIэ!» урысейпсо акцэм и зи чэзу Iыхьэр. Ар щиухынур ГъатхэпэМ и 29-рэ икIи республикэм щыIэпсэухэм Iэмал яIэщ Нарткотикхэм пэщIэтыныжмкIэ федеральнэ къулыкъуэм и Iуэхущ Iапи Iэхэмки щыIэм, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ дзыхь зрагъэз я телефонхэм псалъэу наркоманхэм я зэхуэсыпIэхэм, наркотикхэр гъэхъэзыныным, зэхьэлIэным, ахэр игъэкIыным пыщIауэ ялэжьа е ялэжьыну щIэпхьаджагъэхэм ятеуауэ хьыбар ираГъэщIэну.

АпхуэдизэУ фыщIэупщIэ хъунущ наркотикым хьэщыкъ ищIахэм еIэзэным, наркоманием зэранагъэу кьихьым цIыхубэр, абы егъэджэныгъэ Iэнатl эхэрэ кIыхьэу щыгъэгъуэзэныр, цIыхуэхэм къаБгъэдэкI Iуэхущ Iапи Iэхэмки щыIэм. Пэжу жыIепэм, егъэджэныгъэм ухэзышэ лъагъуэщ педагогикэ практикэр. Гупхэр тIу дыхъурти, а еджапIэм адыгэбзэр щезыгъэджхэу Махуэл Ларисэрэ Къэлил Ладуцэрэ «я пщэ дыдалъхьащ». Сэ сыIыхэт гупым къыддэлэжьар Махуэл Ларисэщ.

«Емыса лэгъупэжь хъурэ», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. Абы и мыхьэнэм пэжагъэуу хэпъым гъащIэм куэдрэ ущрохьэлIэ: едджэнми лэжьыгъэми, ахэр къэгъэнауэ, Iуэху пыухыкIами ехьэлIауэ. Хэт и дежкIи гурыIуэгъуэщ уэзэсжауэ махуэ къэс блэжь Iэхъум хуэдэ япэу зыщIэбдзэр зэрымыхьур. Егъэджэныгъэ Iэнатl эм куэд щIауэ пэрыт егъэджакIуэм и дежкIэ ар тынищ, ауэ дэ, студентхэм, ди дежкIэ ар гугъут, ди егъэджакIуэхэм абы сыт хуэдизу дыхуаумыгъэхьэзырами. Уеджэныгъэ Iэнатl эм куэд щIауэ пэрыт егъэджакIуэм и дежкIэ ар тынищ, ауэ дэ, студентхэм, ди егъэджакIуэхэм абы сыт хуэдизу дыхуаумыгъэхьэзырами. Уеджэныгъэ Iэнатl эм куэд щIауэ пэрыт егъэджакIуэм и дежкIэ ар тынищ, ебгъэджэн нэхърэ. Ар къыщыдгурыIуар а Iэнатl эм дыпэрыува нэужьщ.

«Iуэху мыублэ блэ хэсщ», - жиIащ пасэрэм. Дэри дызыпэрыувэ Iуэхур къыдэгугъэкIырт, дыщыыпынэрт, зыгуэрхэм ар къызыфIамыгъэIуэхуну, мыхьэнэншэу ирамытыну яужь итми. Ауэ, сыт хуэдизу ди псэр абы щымышынами, къару кьытхилъхьэу, дытригъэгушхуэу, щыуагъэ тщIамэ, тэмэму къыдгуригъэIуэжрэ къыддигъэзэжкIуэжу, фIым дыхуигъасэрэ иджыри кьэс университетым дыщеэзгъэджа Iэщ Iагъэлi эм къыдбгъэдалъхьа, дызыурагъэса псори къыдигъэгъэсэбэпурэ, тхухаха сыхьэт бжыгъэхэр ирыдигъэгъэкIуэкIащ Махуэл Ларисэ. Зэшыгуэу, мыгъэщIэгъуэну, зыкIи дыхуэмейуэ, кьытхуэмысэбэпыну ди гугъа педпрактикэм дыдихьэхри, зэманыр псынщIэIуэу тфIэкIуэрэ дыззрыщыIар тфIэмащIэу ар къэдухащ. Урокым хуэдгъэхьэзырам щыщ зыри зэрыдэдмыгъэхуным яужь дит пэтми, сабийхэм дадэлэжьэныкIэ зыдмыгъэнщIауэ ди сыхьэт бжыгъэр тфIиухьырти унэм дыдуэжьырт.

Ларисэ ильэс 17-м нэсауэ егъэджакIуэщи, ар хуэIэижьщ и гъэжьыгъэм, сабийхэм я бзэм, дэтхэнэ зыми уэзрыбгъэдыхьэнымщыгъуазэщ, темэщ щепткIэ, хэт сыт хуэдэу къыгурыIуэнми, хэт нэхъ псынщIэу кьипхьуатэми зэхечэкI. Дэ абы хэпъ кьарум хуэдэ иджыри диIэтэкъым, ауэ сыт хуэдизу зыдмыкъуэами, зи Iэмыщ Iэ дралъха егъэджакIуэм хуээфIэкIащ дэтхэнэ зы студентри ди зэфIэкIыр здынэсыми дригъэплъыжыну, иджыри дыззрыеджакIуэр зыщыдгъэзгъупщэу егъэджакIуэм и Iэнатl эр зыхэтщIэну.

Мазэм щIигъуклэ практикэ дыщыIати, зы махуи щыдгъэкIуакъым сэбэпынагъ хэмыльу, щIэуэ зыгуэр къэдмыщIауэ, нуэкьыуэкIэ, егъэджакIуэу лэжьэн щIэддэмэ, кьытхуэсэбэпыжьын гуэр зыхэдмылъхьауэ. Нэхъыбэ зэрызэдгъэщIэнымыдыхущIэкIуэу, сабийхэм дззрыгурыIуэным, абы хэмрэ дэрэ ди бзэр зэтеуэным дыкIэлъыплъащ. Дерсхэр къыщызздгъэпэщIкIэ, зыгуэр мыхьуэу тщIамэ, ди щыуагъэхэмкIи ди егъэджакIуэм дыззригъэпльэкIыжурэ чэнджэщыфIэхэр къыдитырт.

Адыгэбзэ сыхьэтхэм эзмыщI, дэ дыщIэсащ, дакIэлыплъащ адрей предметхэр щрагъэдж дерсхэмэ. Ики, дэтхэнэ зы студентми гу зэрыльитащи, егъэджакIуэ щыкIуэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ нэхъыфIу ялъагъу мыхьумэ, нэхъ жагъуэу ялъытэркым. Сабийхэм яхэтт адыгэбзэмрэ литературэмрэ куууэ щыгъуазэ, урок кьэс нэхъыбэ зэрыщызригъэщIэным хуэщIэкIу, адыгэ литературэмкIэ упщIэ куэду зиIэ, бзэм нэхъыфIу хэзыщыкIхэр. Дауи, апхуэдэхэм ращрихьэлIэкIэ, ущепсэльыпIэкIэ уогушхуэ, уи гур хохьуэ, ди анэдэлъхубзэм и пщэр къэзыIэтын, ди адыгэ лъэпкъыр ипэкIэ зыгъэкIуэтэн, абы и кьекIуэкIыкIам фIыуэ щыгъуазэ щIыху зэрыщыIэм щхьэкIэ. Ар ди нобэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ, сыту жыпIэмэ ди бзэр зехьэжьыфынури, ар хэзымыгъэкIуэдэжьну зи кьалэнри дэращ, кьыдэкIуэтэф щIэблэращ. НэгъуэщI щыпIэ кьикIыу, хамэ лъэпкъ кьыхэкIыу дэ зыми пщIэ кьытхуищIынукъым, ди щхьэр, ди бзэр, ди лъэпкъэгъуэр дымыгъэльэпIэжмэ.

Мис а псалъэхэр яIуарылъу, я гур куэдым хуэпабгъэрэ фIы ягу илъу, адыгэ хабзэм куууэ щыгъуазэу къагъэтэрк Кэнэдэт 20-нэ курыт школым щIэс еджакIуэ щыкIухэр. Я хабзэкIи, нэмыскIи, хьэлщэнкIи дигу ирихьауэ, дылэжьэнми нэхъ дытегушхуауэ дыкъэкIуэжащ еджапIэм.

ФIыщIэ ин яхудощ практикэр кьыззэсигъэпэща дэтхэнэми, абыкIэ гугъу кьыддехьаехьэми: филологие институтым и унафэщI **Куянцевэ Iленэ,** адыгэбзэ кафедрэм и егъэджакIуэ, ди гупым и унафэщIу щыта **Шыгушэ Джульеттэ,** 20-нэ школым адыгэбзэмкIэ и егъэджакIуэ **Махуэл Ларисэ.** Уэзыншагъэ фиIэу, фи гукъыдэжьыр мыкуьых мафIэм хуэдэу, фи Iэщагъэм и хьэр фIьагъуэ илъэс куэдкIэ Тхъэм фигъэзэж!

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ,
КъБКъУ-м и студент.

● Теплъэгуэхэр

Гъатхэр - Налшык паркым. *Сурэтыр* **ХУЖЬ Наталье** *трихащ.*

● Iуащхьэмахуэ щIынатIэ

ЩIалэгъуалэр зэкъуоувэ

Iуащхьэмахуэ щIынальэм и щIыпIэ самоуправленэм и Советым и щIалэгъуалэ паламтэм гъжьэн щIидзащ. Абы хагъэхьащ илъэс 14 - 30 ныбжьым ягу цIыху 21-р.

ПАЛАТЭМ и унафэщIу хахащ Тырныауэ къалэм дэт еджапIэ №3-м инджылызыбзэр щезыгъэдж Черкуановэ Налжан, абы и къуэдэщ Бей Муратрэ ЩЭмей Олесэрэ.

Мы махуэхэм щIалэгъуалэ паламтэм и тIуанэ зэIущIэр зэхэтащ. Абы щатхэбелджылащ 2013 гъэм и яп илъэс ныкIуэм зэлъжьыну Iуэхугъуэ нэхъыщIэхэр. КъащIтэмэ, апхуэдизкIэ жылагъуэхэр зэщIэгъэкъбзэныным теухуауэ щэбэт щIыхьхэхуэр, щIалэгъуалэр наркотикым щыхъумэным хуэунэгIа акцэхэр егъэкIуэкIыныр. Апхуэдизу щIалэгъуалэ палатэм хэтхэр ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу ветеранхэм я бзе кIуэнурэ я унэхэр, пщIантIэхэр хуэзэщIакъэнущ, Хэку зауэшхуэм теухуа стенд ягъэхьэзырынущ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Илъэси 6-м нэс къэхь

Чернобыль АЭС-м къыщыхьуа насыпныншагъэм и лъэужьхэр гъэкIуэдыжыным хэтхэм я ахъшэр зэрызыIэщIнупщIам къыхэжьну. Апхъэс Iерэ Зубер и пхъум хуэгъэзауэ ныкъэIуаха уголовнэ Iуэхур Къэбэрдей-Балъкэрым и прокуратурэм хаб ЗЭм къеЗгъэныкъуэ ныIыщащ.

КъБР-м СледственмкIэ и управленэм мыхьэнэ хэха зиIэ Iуэхуэхэр зэхэзыхьныжкIэ и яп къудамэм УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм къыщигъэлъэгуа щIэпхьаджагъибгъу зылажьэ Апхъэс Iерэ хуэгъэзауэ гъатхэпэм и 4-м уголовнэ Iуэху къиIэтащ.

Следствием къызэрихутамкIэ, Чернобыль АЭС-м къыщыхьуа насыпныншагъэм и лъэужьхэр гъэкIуэдыжьным хэта цIыхуи 10-м 2010 - 2011 гъэхэм федеральнэ бюджетым яхуиха ахъшэу сом мелуанихэм щIигъу абы гъэпцIагъэкIэ зыIэригъэхьащ.

УФ-м и Уголовнэ кодексым къыззригъэувыжмкIэ, илъэжьа щIэпхьаджагъэм папщIэ, Апхъэс Iерэ тутнакъыу илъэсихым нэс къехь.

ЩIыхуэхэр ирагъэтыж

КъБР-м ФинансэмкIэ и министерствэм и тхылъым ипкъ иткIэ, «Зыуэ щыт закъэчыкIым и дирекцэ» къэрал кIэзонэ Iэнатl эм лъэныгъэмкIэ закъонодательствэр зэрилъэзащIэр Налшык къалэ прокуратурэм къыпщытащ.

А IУЭХУР щрагъэкIуэкIым Зыуэ щыт закъэчыкIым и дирекцэм щIышыIэ мазэм и улахуэмкIэ щIыхуэу сом 863707-рэ телъу къыщIагъэщащ. Къэпщытэныгъэм кърикIуам тету, УФ-м и КоАП-м и 5.27-нэ статьям и яп IыхьэмкIэ, административнэ къуанщагъэ зэрилъэкам къыхэкIыу, предприятэм и унафэщIым хуэгъэзауэ Iуэху къызэIуахащ, ныкъуэсанигъэр игъэзэкIуэжыну къалэн щызыщI тхылъ хуатхащ, улахуэмкIэ щIыхуэхэр ирагъэтыжащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ Iанэ.

● Хьу-ахъу

Чехием щеджэ ди щIалэ Гъукlакъуэ Идар къыщалъхуа махуэщ, и ныбжьыр илъэс 18 ирокъурп, дохъуэхъу



Ди щIалэ гъэфIэну Идар!
Уэ балигъ гъащIэм
ухобакъуэр,
ХьуэхъуфI Iэджэу
кьыпхужаIэнур
ДолъэIур Тхъэм
кьыплIыгъэсыну.
Бгъэгушхуэу уи
ад-анэр,
БгъэгуфIэу уи дадэ-нанэр,
Насыпыфэ ущыхьну
уи гъэзуганэм,
Уи хьэл-щэным,
уи щIэныгъэм
Дэбагъуэ защIэу
уи цIыкуГэр,
Уи насыпыр цIыхур
зыщIэхъуэпсу,
И къабзагъэм игъэнуру
уи псэр
ГъащIэ гъэзу даХэ тетын Алыхьым унщI!

Фыыуэ укъэзылъагъу уи анэшхуэхэзу Риммэрэ Роззрэ, уи адэшхуэ Мухьэмэд, уи анэ Iащэ, уи адэ Аслъэнбэч, адэ шыпхъуэхэу Ритэрэ Роситэрэ, адэ къуэш Аслъэн, уи къуэшхэу Алибэчрэ Инарэ.

● ЦIыкIураш

«Нурым» и етIуанэ къыдэкIыгъуэр

«Нур» сабий журналым и етIуанэ къыдэкIыгъуэр Гъубж Мухьэдин и «Къыырщхьэ щыблэ щымышынэ» усэмкIэ къызэIуех. АдэкIэ ЩIыхуэбзэм я махуэм ирихьэлIэу тридзащ бзылъхугъэхэр зыгъэлъапIэ адыгэ псалъэжьхэр.

РСФСР-м и цIыхубэ артист, Урысейми КъБР-ми гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, композитор Къардэн Хьэсэн и ныбжьыр иджыблагъэ илъэс 90 ирикъуащ. Къардэным уэрэд куэд, романсхэр, оперэхэр, балетхэр итхащ.

«Нур» журналыр Хьэсэн къыщалъхуа махуэмкIэ ехъуэхъури, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Гимныр, Къардэным итхар, тридзащ.

ЩIалэ цIыкIу гупым я анэшхуэхэм хужаIахэр Мэлей ФатIимэ къыщIуэтэжащ «Си нанэ» тхыгъэм.

«Ажэмрэ бжэниблымрэ» я хъыбарыр IуэрыIуатэм къыхихьжри, Къэрмокъуэ Хьэмид итхьжащ. Абыи фыкъыщеджэнщ мы къыдэкIыгъуэм. Налшык къалэ и 5-нэ курыт школым и 3-нэ «А» классым и етхуэдэкIуэ Кlуж Светланэ щапхъэ трахыу и Iэщ Iагъэм илъэс 36-рэ хъуауэ иролажьэ. Журналым тетщ КIужымрэ ар зи унафэщI класс пашэм щIэс цIыкIуэхэмрэ я сурэтхэр.

«Iущыцэ» Iыхьэм тетщ цIыкIухэм ятеуха гушыIэ кIэщIхэр. Ахэр итхьжащ Хьэту Пётр.

АдэкIэ фыкъыщеджэнщ сабий театрым папщIэ Зэгъэщтокъуэ Людэ итха «Нарт лъэбыщэкьей» пьесэ щIыкIум.

Иджырей къэфакIэхэм ныбжьыщIэхэм щыхуагъасэ «Глория» къэфакIуэ гупым и етхуэлIэныгъэхэм топсэлъыхь Таз ФатIимэ.

Ди зэманым щыкIэпшынэ Iэзэу еуэфхэр закъуэтIакъуэщ. А закъуэтIакъуэхэм ящыщщ Муаз Зубер. ШыкIэпшынауэм теухуауэ журналым тридза тхыгъэри зи Iэдакъэщ Iэкlыр Тазырщ.

АдэкIэ, зэрыхабзэу, «Нурым» тетщ псалъэзэблэдз.

Мы къыдэкIыгъуэм «Нурым» и гъуджэм къощ Налшык 14-нэ гимназием и 6-нэ классым щеджэ Къэрмокъуэ Къантемыррэ Налшык курыт еджапIэ №5-м и 4-нэ классым щIэс Тумэ Дианэрэ.

АБЗУАН Пщымахуэ.

● Гу зылъытапхъэ

Республикэм щыпсэухэм щхьэкIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэз хозяйствэмкIэ и кэрал комитетым иджыри щолажьэ пащIэгъэуэкIэ уэдэпсальэ хъун телефоныр. Ар къагъэсэбэпу цIыхуэхэм мы комитетым и унафэм хиубыдэ Iэзэухэр зэхагъэкI е къулыкъущIэхэр коррупцэм зэрыпыщIамкIэ, я къулыкъуер я щхьэ IэзэукIэ къызэрагъэсэбэпыжащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хозяйствэмкIэ и кэрал комитетым иджыри щолажьэ пащIэгъэуэкIэ уэдэпсальэ хъун телефоныр. Ар къагъэсэбэпу цIыхуэхэм мы комитетым и унафэм хиубыдэ Iэзэухэр зэхагъэкI е къулыкъущIэхэр коррупцэм зэрыпыщIамкIэ, я къулыкъуер я щхьэ IэзэукIэ къызэрагъэсэбэпыжащ. 8(8662) 74-05-06 телефоныр щэбэтымрэ тхъэмахуэмрэ нэмыщI адрей махуэхэм сыхьэти 9 - 18-хэм къриубыдэу мэлажьэ.

Зыхуэфащэ хъыбархэр апхуэдизу **leshozkbr@yandex.ru** электрон пощт адресымкIэ ягъэхь хъунущ.

Продаю

Бычков мясных пород (40 голов) возрастом 8 месяцев и весом от 300 кг и выше.
Телок молочных пород (голштинская, симментальская) 50 голов возрастом 11 месяцев.
Телефоны: 8-920-557-84-34; 8-928-925-71-32 (г. Черкесск), Эзнев Султан.
Звонить с 8 до 17 часов.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм. «Адыгэ псалъэ» газетым я лэжьакIуэхэм гущIыхьэ ящыхьащ **Зэрамыщ Iэ (Абэнокъуэ) Сарэ Исмел и пхъур** дунейм зэрехьжар икIи абы и бынхэу **Тамарэ, Тае, Батыр, Марат** сымэ яхуогузавэ.

Редактор нэхъыщIхьэм и къуэдзэ

ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР **Хьэфыщ Iэ Мухьэмэд** (редактор нэхъыщIхэм), **Жылаес Заурбэч** (редактор нэхъыщIхэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщIхэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маринэ, Нэшэнцыкъо Заминэ, Хъажыкъаро Алик, ЩIхьэщмыщI Иэ.**

КъыдзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, еблэнэ, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщIхэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщIхэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щIихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ Iапи Iэхэм я дзлъэкьыныкIэ - 42-60-53; хьэбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресымохэмкIэ - 42-22-88; егъэджакIуэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапи Iэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Мы къыдэкIыгъуэм етэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкl Сонэ, редактору **ЖЬэкIэмыхъу Маринэ,** корректорхэу **Афэ Тамарэ** *(2, 3-нэ нап.),* **ПхытIыкI Аэмэт** *(1, 4-нэ нап.),* **корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Мырзэкан ФатIимэ.** ***Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ*** **Дол Маринэ, Щомахуэ Маринэ,** ***сурэтхэм елэжьар*** **Бицу Жанизэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатl эм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейр сыхьэт 20-м, щытрадзэн сыхьэт 20-рэ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.172 ● Заказ №763